KUTSUNGIRIRA

Kwaziwai kugungano rino rakaisvonaka pano manheru ano, Hanzvadzi Webster naHama Green, negungano rose, nhengo dzeungano ino. Wagara uri mukana wakanaka kwandiri kuuya kuimba yaShe, uyezve, manheru ano, kudzoka zvakare mune imwe yemachechi aKe eFoursquare.

2 Ndinorangarira, makore akapfuura, pandakatanga kuuya kuLos Angeles. Ndakanga ndambonzwa nezvaHanzvadzi McPherson, asi vainge vatokwira masitepisi endarama ndisati ndatopinda munzira. Uye pandakaenda kuLos Angeles kekutanga, ndakaenda kumusoro kuForest Lawn. Ndakanzwa kuti vakavigwa kumusoro ikoko, zvino ndakaenda kumusoro ikoko ndokumira pane guva ravo, ndikakotamisa musoro wangu ndokupa kutenda kuna Mwari nekuda kwehupenyu hwakaremekedzeka. Kubva ipapo, ndakaona chikwangwani cheFoursquare potse munyika yese yandakaita basa rehumishinari. Ndakava nemukana wekuva mutemberi, ndakamirira ndiri mukamuri yavo yekumirira. Vasati vaenda papurupiti, vaiva nekamuri ipapo. Uye ndakagarapo, husiku hwakawanda, ndichiparidza patemberi pacho, uye ndofunga nezvemaawa avangadai vakadzamisa ndangariro dzavo vasati vapinda papurupiti, kuyereswa kwekuzarura Shoko raMwari. Kuva pano, manheru ano, nevamwe vevateveri vari kuedza kuchengeta mharidzo iyoyo iri mhenyu: Mwari vave nemi, vakuropafadzei.

3 Uye zvakare kudzoka kuzova naHama Green, shamwari inokosha, inodikanwa, Hama naHanzvadzi Green. Zvino pandanga ndiri panze apo, nguva shoma yapfuura, ndikasangana navo, nda—ndavaudza kuti ndakaitirwa zvakanaka zvikuru nemharidzo iya murwiyo, rimwe zuva, kuya kumusoro uko kunanamuzvinabhizimu, rwaiti, *Zita RaJesu*, kana zvimwewo, zvavakarwudaidza. Havasati varwurekodha nazvino. Ndavaudza kuti, "Ngandive mutengi warwo wekutanga," rwaiva chaizvo, rwuri rwiyo rwakanaka kwazvo.

4 Uye ini ndakafunga kuti vangangondiimbira manheru ano pandinouya zasi kuno, uye—uye mudzimai wangu nevana vari kumashure uko kuti varwuteerere. Uye ndine chokwadi chekuti vakaitirwawo zvakanaka narwo zvakare. Uye izwi ravo harisi. . . Rinozivikanwa zvikuru kunzvimbo kwedu. Ndine dzakawanda dzavo dzakarekodhwa. Pandinenge ndisiri kuyatsonzwa zvakanaka, ndinopinda, ndiine mumwe wemichina iya unoridza marekodhi, uye ndinoisa chitsama chaicho chemarekodhi avo, ndongogara pasi ndichiateerera. Ndinoda kuti kumudzimai wangu ari kumashure uko, ndichangobva

kuwana mamwezve awo. Zvirokwazvo ndinoafarira. Iwo ari . . . Iwo inzvimbo yekuzororera, kungonzwa nziyo idzodzo dzeEvhangeri, kuziva kuti hadziimbwe nerimwe inzwi rakanyanyisa kukwenenzverwa, asi zvichibva pamoyo weMukristu wechokwadi.

5 Vandiudza kuti vane mamwe ari kunze uko manheru ano. Ndinoda kuti mudzimai wangu, iwo acho, azoatarisa, kuti aone kana paine mamwe avainawo kunze uko, atisina isu, uye ova nechokwadi chekuti aatora. Ndinofunga kuti vanawo kunze uko mufoya. Uye vari . . .

6 Munoziva, chinhu chikuru, ndeicho chandinofunga nezvekuimba, ndinofarira idzodzi. Ndinofarira mazwi akakwenenzverwa, asi handifariri izwi rakanyanyisa kukwenenzverwa. Unobva waona kuti unomira kufema kwenguva yakareba sei, kusvika waita bhuruu kumeso, uye hapana kana chauri kutaura zvisinei. Asi ndinofarira kuimba kwakanaka kwekare kwepentekosti, kwaunongozvizarura uye woimba. Ndi—ndinozvifarira izvozvo. Uye Hama Green ndizvo zvavari, ivo naHanzvadzi Green. Uye saka tinoziva kuti izvozvo zvinotsigirwa nemakwaya aya, nezvimwe zvakadaro. Uye zvakanaka kwazvo kuziva kuti, zvinhu izvi, tinogona kuzviwana.

7 Zvino, Hama—Hama Green neni takasangana kekutanga, ndinotenda, kwandinogona kufunga, ndinotenda kuti maive muKansas City, pataimbova nemakonivhenisheni kunze ikoko. Kuti ndaimbogara sei kunze . . . Vaiti, "Zvinoka, haisati yasvika nguva yekuchiuya izvozvi." Asi ndaimirira ndiri mumotokari mangu, uye ndaida kuva nechokwadi chekuti ndanzwa kuimba ikoko, apo ivo—ivo nehanzvadzi vanenge vachiimba.

8 Saka ndavaudza kunze uko, ndikati, "Ndinovimba, kuti, mamwe emazuva ayo pandinoyambuka rwizi . . . "

9 Ndinoda kuimba, zvikuru kwazvo! Zvino ini—ini handitongogona kuimba. Ndizvo zvoga. Ndakagara ndichida kuimba, uye ini—ini handitongogona kuzviita. Uye ndaimboedza kuimba rwiyo pachechi, "Musangano wechinyakare munzvimbo yechinyakare." Ndairwuvhiringidza. Ndaingotora ruoko rwemudzimai wangu kana ndasvika kumba, ndoti, "Mudiwa, handife ndakarwuedza zvakare, zvechokwadi chaizvo." Ndinongoita kuti . . . vamwe vese vavhiringidzike.

10 Asi rimwe remazuva ano ndiri kuzoimba. Uye ndagara ndichifunga, zvichida mhiri uko mujinga mechikomo, uko rwi—rwizi rweHupenyu rwunoyerera rwuchidzika nepaChigaro chehumambo; uko kwaya huru iya yevose vakadzikinurwa, manzwi makuru iwayo achange ari mujinga mechikomo ichocho, achiimba. Ndinovimba kune kamuti kane mumvuri kune rimwe divi. Kana uchida kundiona, ingouya ikoko. Ndichange ndakagara ipapo, ndichivateerera.

11 Asi kana wasvika mumuzinda wako, mamwe mangwanani, uye wobuda pavhuranda remuzinda wako, uye zasi-zasi pane imwe nzvimbo, zasi uko mumasango, kune kadumba kakavakwa pane imwe nzvimbo, wofamba pavhuranda pako wonzwa mumwe munhu achiimba, "Nyasha dzinoshamisa! ruzha rwunotapira zvikuru," ibva wati, "Mutana Hama Branham vakabudirira, nokuti havoka avo. Va—vakatopedzisira vasvikawo ikoko." Saka, ndichange ndichikwanisa kuimba ipapo. Kusvika panguva iyoyo ndichatongoita hangu ruzha rwemufaro kunaShe.

12 Hatisi kufara here? Hatina kana chinhu chekunetseka pamusoro pacho, kana chimwe zvacho. Takadzika hoko muna Kristu, tigere munzvimbo dzeKumatenga, takabatwa munyasha dzeKubvutwa iye zvino, tigere muHupo hwaKe munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu. Rufu pacharwo harwugone kutibata. Takadzika hoko, hapana chinogona kutinetsa, takangochengetedzwa uye takamirira Kuuya kwaKe. Uye tinotenda nekuda kwazvo izvi.

13 Zvino, ndine makiromita angangoita 241 ekutyaira manheru ano, uye mushure mesevhisi. Uye neboka rakanaka revanhu serino, uye zvinonditorera nguva yakareba kuti nditange, uyezve nguva yakareba zvakapetwa kaviri kuti ndimire. Saka ndichaedza kutongopinda mukutaura zvandiri kugadzirira kutaura, nekukurumidza chaiko. Ndinoda kutenda mufundisi, vabatidzani navose, nemukana uno wekuuya pano, kuzopa huchapupu hwangu hwenyasha dzaKe manheru ano, muungano ino yakanaka.

14 Ndakakwira, imwe nguva yapfuura, kumusoro kuSouth Mountain, ndokutarisa zasi mumupata. Ndakafunga nezvemakore angaita 35 akapfuura pandakatanga kupinda mumupata uno. Kuti guta rino rakura sei, rangoparariira kwese-kwese kunze muMaricopa Valley kuno. Kusvika kwaunogona kuona, rinongova guta. Ndaive ndigerepo nemudzimai wangu, zvino ndikati, "Unoziva, mudiwa, zvichida makore angaita 300 akapfuura, pakanga pasina chaipfuura nepano kunze kwemakava nenguruve dzerudzi rwejavelina, nezvimwewo, zvichitenderera nemunyika. Uye ndokubva munhu azopinda ndokutanga kuvaka. Zvino budiriro yehungwaru yakatanga kuparariira. Ndokubva chivi nemhirizhonga zvapinda."

15 Ndakafunga kuti, "Ko ino haingave nzvimbo yakanaka here?" Ndakagara ndichifunga kuti rimwe zuva ndingada kuzogara muPhoenix. Uyezve ini. . . ndakatarisa mumupata uyu, ndaitopotsa, mumoyo mangu, kunzwa kuda kutochema, kuti yaizova nzvimbo yakanaka sei dai yaivepo isina chivi.

16 Matorero avakariita richingova renje roga ndokurishandura kuva nzvimbo dze—dzekugara! Nhasi tanga tichityaira kumusoro pamusoro peCamelback, dzimba dzakaisvonaka

kumusoro ikoko, sekutonge uri kupinda muparadhiso. Uye zvakare zvingava zvakanaka, asika chivi chiri pano kwese-kwese: mabhawa ehwiski, hunzenza, zvinongova zvese zvisina kunaka, mhando dzese dzemano, nemisungo yemuvengi, yekubata mweya yevanhu.

Mudzimai wangu akati, "Saka sei uri kuno, Billy?"

17 Ndikati, "Mudiwa, rinotova rima. Asi, unoziva, kune, kwese nemurima iroro zasi imomo, mune zvimvari zvidiki zveChiedza. Ndivo vakasarudzwa naMwari. Ndiri pano kuti ndiise pfudzi rangu pamwe neavo, ndiise moyo wangu pamwe neyavo, izwi rangu pamwe neravo, uye ndodanidzira ndichirwisana nerima."

18 Ndosaka ndiri muno muPhoenix zvakare. Dai Mwari veKudenga vatibatsira. Uye mushure mekunge husiku hwadarika, nemusangano wedu muduku uri kupfuura nemuguta, kubva kuchechi kuenda kune imwe chechi, pakati pemasangano ose eEvhangeri yakazara, uye vakazopedzisira vaita konivhenisheni yavanamuzvinabhizimu paRamada, ndinovimba kuti tichasiya chiratidzo mhiri kuno, izvo zvichareva kuti muChiedza chidiki chakaparadzirwa, kuti mweya mizhinji ichawana Kristu, vanhu vazhinji vanorwara vekutenda vachapodzwa. Takatotanga kuona kare, zviri kuratidza zvibereko.

19 Uye ndinovimba, manheru ano, kana paine angauya pano manheru ano, pasi pechengetedzo iyi ye—yenzvimbo ino, kuti chimwe chinhu chichataurwa murwiyo, chapupu, kana kuverengwa kweShoko, kana chimwe chinhu, icho chichakuita kuti ubude pamusuwo wava munhu akasiyana pane zvawapinda uri. Tibatsirei tose kuzviita.

20 Uye zvino tisati tasvika paShoko, ngatisvikei kuMunyori wacho nenzira yemunamato. Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana. Nemisoro yedu nemwoyo zvakakotamiswa pamberi paMwari, pangava nechikumbiro here pakati pevanhu manheru ano, kuti une chimwe chinhu chakakosha chaunoda kukumbira Ishe kuti vakubatsire pachiri? Ingosimudza ruoko rwako. Uye pakadzika mumoyo mako, iti, "Ishe, Munoziva kuti chii." Maita henyu. Mwari vakuropafadzei.

21 Baba vedu veKudenga, tiri kuuya zvino muZita riya rakazvikwanira muna zvose, Ishe Jesu, tichiziva izvi kuti Akavimbisa, "Kana mukakumbira Baba chero chinhu muZita raNgu, chichapihwa." Tinouya, kutanga, kuzoreurura kuti takatadza. Takakanganisa. Uye hapana kana mumwe wedu akanaka, hapana kana mumwe chete. Uye tiri kuuya kuzoreurura zvivi zvedu, muZita raIshe Jesu. Tiri kukumbira ruregerero.

22 Uye Maona maoko evanhu, asimudzwa manheru ano, uye Munoziva zvanga zviri pasi peruoko irworwo, zvacho zvavanga vachida. Uye ndiri kuisa munamato wangu pamwe newavo,

ndichiuisa paartari yeNyu, nekukumbira tsitsi, kuti Imi, Ishe, mugopa tsitsi, uye mugopindura chimwe nechimwe chikumbiro chose.

23 Tinoda kuKutendai nekuda kwechechi ino, nekuda kwevafundisi vayo, uye nekuda kweungano yose, nemadhikoni ose nematirastii, nevose vanouya pano. Varopafadzei, Ishe. Uye tinoziva kuti misangano yedu nekuuya pamwe chete zvingatova zvisina maturo, kana Mukasasangana nesu.

24 Saka tinonamata, Baba veKudenga, kuti tine chivimbo zvino chekuti Munesu. Pfuurirai mberi, O Ishe, kuva nesu muhusiku hwose. Tibatsireiwo. Kana, neimwe nzira, paine avo vauya vachibva mumugwagwa, kana mumaheji nemumikoto yenyika, avo vekuti, muhupenyu hwavo, vanga vasina hanya neMi, dai huno hukava husiku hwavanoita "hongu" iya yakanyatsokwana kuna Mwari, uye vozvipira, vonyatsozvipira kuna Jesu Kristu.

25 Kana paine vanorwara pakati pedu, Ishe, ndiMi Chiremba mukuru Asina kumbobvira akakundikana.

26 Tinofunga nezvezuva ratiri kurarama mariri, apo hurwere nerima guru zvakafukidza nyika. Asi tinofunga zvakare kuti paMaitungamirira vanhu veNyu, Mosesi akavabuditsa kubva mu—muEgipita, achivaendesa kunyika yechipikirwa, uye kudzika rwendo rwese kwemakore 40, zvino pavakapinda munyika yechipikirwa pakanga pasina kana mumwe chete aiva nehutera pakati pavo.

27 Vangani vanachiremba manheru ano vangada kutarisa pamushonga wokurapa waiva naMosesi, wakachengetedza vanhu vese ivavo vaine hutano kwemakore ose 40 aya. Asi, zvakadaro, haMuna kuuvanza. Makauzivisa kwatiri tose, uye wakanyorwa pano pamapeji, uri nyore kwazvo. "Ndini Jehovha ndinopodza zvirwere zvenyu zvose." Dai tikacherechedza izvozvo manheru ano, Ishe, vanorwara nevane zvitsvako, uye tigoziva kuti hapana chirwere chaMusiri mushonga kwachiri, mushonga unorapa zvakapfuurira.

28 Ropafadzai kuverengwa kweShoko reNyu. Uye dai mwoyo yedu zvino yadzika mukurevesa kwemusangano uno. Kubva mumwoyo yedu tichizadzwa nemufaro pamusoro pekuimbwa kweEvhangeri, nezvapupu, nezvimwe zvakadaro, tinongotenda zvikuru. Zvino dai tikanzwa Shoko reNyu. Uye taurai nesu, Baba, uye ropafadzai manotsi mashoma aya agadzirirwa manheru ano, nokuti tinozvikumbira muZita raKe uye kuitira kubwinya kwaKe. Ameni.

29 Pane vanhu vazhinji avo, vari kuuya kusevhisi, vanofarira kugara vachinyora pasi zvinotaurwa nemushumiri, kana kuverenga kubva muMagwaro. Uye kana uchidaro, ndinoda kuti uvhure pamwe neni manheru ano pakuverenga kushoma kunowanikwa muBhuku reEvhangeri yaMutsvene Mateo, chitsauko 15, vhesi 21 kusvika 28. Ndinoverenga izvi.

Zvino Jesu akabvapo, uye *akaenda* kumhenderekedzo dze*Tire* ye*Sidhoni—Sidhoni.*

Zvino, tarira, mudzimai we*Kenani akabva* kumhenderekedzo dzimwe chetedzo, *akadana* kwaari,. . .*Ndinzwirei ngoni,* O *Ishe, mwanakomana waDhavhidhi; mwanasikana wangu akabatwa kwazvo* nedhimoni.

Asi haana kumupindura neshoko rimwe zvaro. *Ipapo vadzidzi vake vakauya vakakumbira kwaari, vachiti,* Mudzingirei kure*; nokuti* ari kudanidzira kwatiri.

Asi akapindura akati, Handina kumwezve kwandakatumwa asi ku*makwai akarasika eimba* ya*Israeri.*

Zvino mudzimai *akauya* akamunamata, achiti, *Ishe, dondibatsirai henyu.*

Asi *akapindura akati, Hazvina kunaka* kuti nditore *chingwa chavana,* ndochikandira kumbwa.

. . .*akati,* iChokwadi, *Ishe: kunyangewo* imbwa *dzinodya* . . .mafufu a*nodonha patafura yatenzi wadzo.*

Zvino Jesu akapindura akati kwaari, O mudzi*mai, kutenda kwako kukuru: ngazviitwe* kwauri se*zvaunoda. Zvino mwanasikana wake akapora kubva panguva* iyoyo.

30 Kana ndingadana izvi semusoro wenyaya, ndinoda kutaura kwechinguvana, kana kwemaminitsi mashoma, waro, pamusoro pechidzidzo chekuti: *Kutsungirira.*

31 Ndakafunga, sezvo Mai McPherson nechechi vakagara nguva dzose vakamira chaizvo pane kupodza kwaMwari, uye hatigone kuparidza Evhangeri izere tisina kupodza kwaMwari, nekuti kunotova chikamu cheEvhangeri.

32 Ndinorangarira, semukomana mudiki, ndichiverenga imwe nyaya mune rimwe remamagazini, *Life* kana *Look*, kana mamwe emamagazini iwayo. Ndaingova hangu mukomana mudiki. Nezvavo vachishora Mai McPherson, nezvekuparidza kupodza kwaMwari, uye vakati vaive ne—nemano avaiita. Vakati, "Madzimai aiva nehumbu; mudzimai uyu aiisa pini pasi pemunwe wake, zvino madzimai aya aiisa bharuma muhembe yake. Zvino Mai McPherson vaiisa maoko pamudzimai uyu, vobaya nepini pa—pabharuma racho, zvobva zvabvisa mweya mubharuma racho.

33 Ndaiva mutadzi, asi ndaiva nepfungwa dziri nani pane izvozvo, kufunga chinhu chakadaro. Kana pini ikabaya bharuma, rinoputika. Saka ndakati, "Hapana kupokana apa kuti mudzimai uyu ari kutambudzwa hake." Uyezve, sezvo ndava mushandi mumunda uyu wemizambiringa,

ndinocherechedza zvavairwisana nazvo. Kumiririra zvokwadi, unogara uchivengwa nemuvengi.

34 Izwi rokuti *kutsungirira* rinoreva kunge uri, ndinofunga, maringe naWebster, "kushingirira." Kunge *uchitsungirira*, "kushingirira mukuva nechinangwa." Uye munhu wese ari panyika, kana akambova panyika, uyo akambobudirira pane chimwe chinhu, aive . . . chakakurumbira, akatotsungirira pazviri. Unofanira kuva nechokwadi, kutanga, chawakasungirira kutenda kwako pachiri.

35 Zvino, kutenda hachisi chinhu chinongopepereka zviri nyore kudaro, uye chimwe chakaita se . . . tingachidana, nemataurirro emumugwagwa, kuti mapipi. Kutenda kunogona chete kuva nenzvimbo yako—yako yakakodzera kana kwaiswa pane chimwe chinhu chakasimba.

36 Kana ndikakuudza kuti uende kunoisa ruoko rwako pamuti uyo ugopodzwa, unogona kuzvipokana. Saka, sei? Hatina nheyo kune chimwe chinhu. Wangondinzwa ndichizvitaura chete. Uye kana ndikakuudza kuti kugeza mune imwe mvura kunze uko mu—mumupata kwaizokupodza, zvaizoenderana nekuti une ruvimbo rwakadini mandiri.

37 "Uye kutenda kunouya nekunzwa." Kunzwa chii? "Shoko raMwari."

38 Naizvozvo, kana *iRi* riri Shoko raMwari, uye Riri, zvaRinodzidzisa tinogona kuzorora paRiri. Mwari havagone kushanduka. Mwari vanofanira kugara vari Mwari nokusingaperi. Shoko raVo rinofanira kuva rechokwadi muzera rino sezvaRakagara riri mune chero rimwewo zera.

39 Zvino, isu tine magumo. Tinogona kutaura chimwe chinhu gore rino, uye zvichida mangwana totochichinja. Nekuti, hatina chokwadi zvakanyanya, nekuti isu tine magumo. Tiri kungoita zvekufungidzira. Uye *kufungidzira* zvinoreva "kuita chinhu usina mvumo yazvo."

40 Asi kana Mwari vakataura chimwe chinhu, chakatokwana. Havatombochishandura. "Abrahama haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari kubudikidza nekusatenda; asi aive akasimba, achipa rumbidzo kuna Mwari, nokuti aiziva kuti Vaigona kuita, kana kuchengeta, kana kuita izvo zvaVanenge vavimbisa." Zvino, kana Mwari vakadanwapo panzvimbo kuti vaite sarudzo, uye sarudzo inoitwa naMwari, kutanga, inotozoramba iri imwe cheteyo nekusingaperi. Haigoni kushanduka. Haigoni kushandurwa, nokuti haVana magumo. Uye chese hacho chisina magumo hachina kumbobvira chava nemavambo kana magumo. Saka haVakwanise kuchidzosa gore rinotevera racho, zvino voti, "Ndakakanganisa."

41 Uyezve kana yaiva sarudzo yaVo, saka munhu wese anoita zvimwe chetezvo, uh, ouya pasarudzo imwe cheteyo yakaitwa naMwari pane mumwe munhu pahwaro hwekutenda kwake,

kuti azvitende, Vanotosangana nechinhu chimwe chetecho nguva dzose kana munhu akazvitenda. Mwari vanotoita, nguva dzose, maitiro aVakaita pekutanga, kana kuti Vakaita zvisizvo pekutanga. Zvino ndiani angapomera Mwari kuti vakaita zvisizvo? Mwari vanotosungirwa kugara nesarudzo yaVo nguva dzose.

42 "Kana ukakwanisa kutenda!" Zvino, kuti uite chimwe chinhu, unotofanira kuisa chinangwa woti, "*Izvi* ndinotenda," uye wozvisungirira kwachiri, uye woramba uchiswedera, wofamba uchiswedera pedyo nacho, uchiziva kuti wa . . . chiripo, uchiziva kuti pane chimwe chinhu ipapo chauri kuuya kwachiri.

43 Sekutaurwa kwazvakaitwa, kakomana kadiki kaine kaiti, kakabata tambo muruoko rwako. Akati, murume uyu akati, "Chii chawakabata, mwanakomana?"

Kakati, "Kaiti yangu."

Akati, "Hapana chandiri kuona kunze kwetambo."

Kakati, "Asi pane kaiti kumucheto kwayo."

Murume uyu akatarisa mudenga, akati, "Handisi kuona kaiti yacho."

Kakomana aka ndokuti, "Kana neniwo."

Akati, "Saka, unoziva sei kuti une kaiti?"

Kakati, "Ndiri kuinzwa ichidhonza-dhonza kumucheto."

44 Zvinoka, ndizvowo zvakaita kutenda. "Kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zvinotarisirwa, humbowo hwezvinhu zvisingaoneki." Chero bedzi ukaisa kutenda kwako pazviri, wobva wabatirira pazviri, wave kusvika pazviri. Zvisinei kuti haukwanise kuzviona, kana kuti kwete, unoziva kuti zviripo chero zvakadaro. Uri kuzvidhonza, uye zviri kukudhonza. Uye chero ani zvake akamboita chimwe chinhu chakakosha, akatova nechinangwa, ndokubva atoshingirira, kutotsungirira, kuita izvozvo: varume vakuru.

45 George Washington, "baba venyika yedu," anodanwa kudaro, paakauya paValley Forge, mushure mehusiku hwose ari mumunamato, kusvikira atota nechando, kudarika muhudyu make, akapfugama muchando, mangwanani akatevera akayambuka Delaware, izere nechando. Sei? Akatotsungirira. Aiva nemhinduro yacho. Hapana chiri kuzomira munzira make. Kunyange 3 kana 4 ebhasikiti . . . mabara echifefe chemusket akapinda nepajasi rake, asi haana kana kumbomukuvadza. Akaedza . . . Aida kubudirira pane chimwe chinhu, uye akanga anyatsonyengetera nezvacho, zvino akatotsungirira. Hapana chakamira munzira yake.

46 Ungambofunga here Noa mumazuva ake, kuti Noa akatsungirira sei? Zvino, aingovawo hake murimi.

47 Uye vairarama muzuva guru retsvagurudzo dzesainzi, zvichida, inodarika zvatinazvo nhasi, nekuti mumazuva iwayo vakavaka mapiramidhi. Uye kana paine mumwe wenyu akava nemukana wekuva papiramidhi guru reEgipita nekuona Sphinx nezvimwewo, handiti, zvinokatyamadza kuona. Kuti vakaisa chirudzii mazitombo iwayo kumusoro uko mudenga, akada kuita sebhuroko reguta, achirema zviuru zvematani! Nhasi hatitokwanise kuzvigadzirazve. Hatinzwisise. Vaiva nechimwe chinhu.

48 Vaiva nedhayi. Vaiva nechimwe chinhu chavaigona kuomesa mutumbi nacho, chaitouita kuti utaridzike semupenyu chaizvo kwezviuru zvemakore. Hatina hunyanzvi hwakadaro, kupenda, nezvimwe zvakadaro, zvavaiva nazvo; zera guru resainzi.

49 Asi rimwe zuva, Noa paaiva kunze uko mu—mumunda, zvichida achigadzira zvirimwa zvake, Mwari vakauya kwaari ndokumuudza, "Gadzirira kuponeswa kwemhuri yako, uye ugovaka areka. Uye kuri kuzonaya mvura."

50 Zvino, tose tinozviziva izvozvo, nyika yekuparadzwa nemvura zhinji, kwainge kusati kwambonaya. Uye zvino, izvozvo hazvina kuenderana nevafungi vesainzi vezuva iroro. Mharidzo yake yaitopesana navo. Pasina kupokana pane masayendisti akangwara akatouya kwaari ndokuti, "Zvino, tarisai pano, VaNoa. Zvino tine michina yatinogona kupfura mwedzi, uye tinogona kuita zvekunzvera zvose izvi nesainzi. Uye hakuna kana mvura kumusoro uko. Saka kunozouya mvura ichiburuka kubva ikoko chirudzii, kana pasina mvura kumusoro ikoko yekuti idzike pasi? Unopenga. Uri kuita chinhu chisina musoro. Hakuna mvura kumusoro uko."

51 Asi Noa aigona kuti, "Mwari vakati kuri kuzonaya, saka ndizvozvo. Mwari vakataura kudaro." Makore 120, akatoshingirira pamberi penyika yesainzi yezuva rake, achiri kutaura kuti Mharidzo yake yaive yechokwadi nekuti Yakabva kuna Mwari. Aiva nechinangwa chekuita. Aiva neMharidzo yekuparidza, uye akatoshingirira mukuita izvozvo. Zvisinei nekuti vamwe vanhu vose vaiti kudii, Noa ainzwa kubva kuna Mwari. Ndizvo zvoga zvaiva nebasa kwaari. Akanga anzwa Inzwi racho. Aitova nechokwadi kuti Vaiva Mwari, uye akanga achigadzirira chimwe chinhu chaiita sehupenzi kunyika. Asi, zvakadaro, Noa aiziva kuti Mwari vaizochengeta Shoko raVo.

52 Izvozvo hazvingavi chidzidzo kwatiri nhasi here, panguva ino? Sezvakataurwa naJesu, "Sezvazvaiva mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu." Mharidzo isina kana musoro kunyika, havaInzwisise, asi zvakadaro avo vakabatana neMweya Mutsvene, vanoziva kuti Achadzoka zvakare.

53 Ndinoona vanhu vachinzwira tsitsi mutana Noa anonzwisa urombo, nezvekuti ari kurasikirwa sei nemafaro akawanda, uye

nezvenyika nezvinhu zviri kuitika. Asi Noa, achiri akashingirira, akaramba akabatirira.

54 Rimwe zuva Mwari vakati kuna Noa, "Horaiti, waita chikamu chako zvino. Zvino chiuya muareka, iwe nemhuri yako." Uye . . . Akacherechedza shi—shiri ndokutanga kubhururuka dzichipinda, uye—uye mhuka dzakatanga kupinda, dziri mbiri-mbiri. Noa nemhuri yake vakapinda.

55 Uye panogara paine vatendi vepamuganhu, ndinovadana kudaro; vanhu vanouya kuchechi, vanonakidzwa nemharidzo zvichida kubva kukwaya kana kubva kuvaimbi, kubva kumufundisi, kana chimwe chapupu. Vanonakidzwa nazvo, asi, kuti vapinde vova chikamu chazvo, havatongozviiti. Vanofarira kuteerera, asi havambova chikamu chazvo. Havadi kubatanidzwa pamwe navo. Vanoda kugara kune rimwe divi. Zvagara zvakadaro, uye pasina kupokana vaivepo muzuva iroro.

56 Zvadaro musuwo weareka pawakavharwa, vazhinji vevanhu ivavo vakati, "Zvinoka, handei kumusoro ikoko tongonomirizika tiriko, zvino, kana zvikaitika kuti, tomboti, mutana wacho anga ari raiti. Tose takaita sekufunga kuti mutana uyu anga asina kunyatsoti kwesere, asi ini—ini—ini ndainakidzwa nekumuteerera achiparidza, akamira ipapo pamusuwo. Uye zvino tinoziva kuti pane chimwe chinhu chavhara musuwo iwoyo. Zvino, uya mudhara akanaka manje. Uye kana zvikaitika kuti, mvura yabva kumusoro uko, handiti, handiti, anototitora otipinza mukati." Munoona, haudi kuvimba . . .

57 Usaite zvekuisa hunaku hwaMwari pakamanikana. Unoda kuva nechokwadi chekuti unopinda uchiine mukana wekupinda.

58 Zvino, chinhu chekutanga munoziva, zuva rekutanga, tarisai kuti Mwari vanoisa sei kumanikana pavanhu vaVo, dzimwe nguva, ndinofunga, zuva rekutanga, Noa akati kumhuri yake, "Horaiti, zvino tichakwidza kumakamuri ari kumusoro. Zvino, mangwanani, matenga achange akasviba. Hakuna kumbobvira kwakasviba kumashure. Hatina kumbobvira takazviona. Mvura iri kuzonaya. Mheni iri kuzopenya yakacheka matenga ose." Zvino mangwanani akatevera acho zuva rakatobuda haro. Hapana kana chiratidzo. Zuva rose zvaro, Noa nemhuri yake vakatarisa. Saka, zvinhu zvakangoenderera mberi chaizvo sezvazvaingova.

59 Ndinofunga vatendi vepamuganhu vakati, "Aw, mudhara uyu akakanganisa." Vakadzokera havo muguta, vachidya, vachinwa, nekufara.

60 Ndichifungidzira, mhuri yake, kuti zvaifanira kunge zvakaomera sei murume uyu. Asi haana kukanda mapfumo pasi nekutanga kugogodza pamusuwo, achiti, "Vanhuwe, shandisai mugwara mugovhura musuwo uyu. Ndaitokanganisa paya." Sei? Aiziva kuti aiva nechokwadi, uye akabatirira pachiri.

61 “Kana kukasanaya nhasi, ichanaya mangwana.” Ndizvozvo. Zvakanaka.

62 Zvino zuva rechipiri rakauya, uye tinocherechedza kuti zuva rakabuda. Rakayambuka sezvaraingoita mazuva ese. Pasina kana chiratidzo chemvura yekunaya. Asi akaramba achitoshingirira. Kunosvika pamazuva 7, Noa aive akangogarapo ipapo, akati, “Kana mvura ikasanaya nhasi, ichanaya mangwana.” Munoona, aive asingatsukunyuke. Aitoshingirira, achitotsungirira, nokuti aiziva kuti Mwari vakataura kudaro, uye zvaifanira kuva saizvozvo.

63 Zvino, pakupedzisira, nezuva rechinomwe, paakatarisa kunze nepahwindo, matenga aive osviba. Mhepo yaivhuvhuta ichidarika nemuzvikomo. Miti yaikombama. Vanhu vaizhambatata, vasingazivi zvokuita. Zvino mushure mechinguva, madonhwe makuru emvura yekunaya akatanga kudonha kekutanga, achirova migwagwa. Masuweji akazara. Zvitubu zvose zvakapamuka. Mvura yakatanga kukwirira. Vanhu vakapinda mumaigwa avo, ndokunyura. Mhepo dzainge dzakakwasharara. Uye yakadzika, nekudzika, nekudzika. Mushure mechinguva, yakatanga kukwira pachikepe. Akatarisa nepahwindo.

64 Pakupedzisira, vanhu vachidanidzira, pasina kana nzira yekuti asvike kwavari kuti avatore. Akanga ari kumusoro-soro mukamuri yepamusoro. Vakanga vatadza ndokudarika zuva ravo renyasha. Pakanga pasisina chinosara kwavari. Nguva yakanga yatoperesesa ipapo. Pakupedzisira, anofanira kunge akave manzwiro akadini, kuna Noa, paakatarisa mumugwagwa achiona maigwa madiki ese, angave akagadzirwa naMwari here kana kuti kwete.

65 Munoona, vanhu vanofunga sekudaro nhasi. “Vanogona kuvaka areka yavo vega. Vanogona kugadzira ruponeso rwavo vega.” Haugone kuzviita. Mwari vakatiitira ruponeso, uye tinofanira kurwugamuchira. Areka yakagadzirwa nevanhu yoga haizomiri. Chose hacho chinogona kuitwa nemunhu, chichipesana nekuda uye neShoko raMwari, hachimire zvachose.

66 Asi zvinofanira kunge zvakaita sei kuna Mai Noa nevaroora vavo, ne—nemwanakomana—vanakomana, nevamwe vakadaro, pavakaona mvura iyi ichikwidza kumusoro paareka, asi zvakadaro areka ichakagara pasi. Asi mushure mechinguvana vakainzwa yave kusununguka. Yakanga yave kuyangarara. Oo, Noa aiziva kuti zvose zvake, zvaakanga aedza kuti abudirire pazviri, zvaakanga aita, Mharidzo yake yaive yobhadhara zvino. Yakasunungurwa. Akanga ava kubva panyika.

67 Sezvazviri kana munhu akagara, kwete kuuya kuzokwazisana maoko nemufundisi, oisa zita rake mune rimwe bhuku, asi paanogarapo kusvikira anzwa chimwe chinhu chichisununguka mukati make, zvino otanga kuyangarara

kunze uko nokutenda, achiziva kuti zvivi zvake zvapfuura, uye adzika hoko yemweya wake muna Kristu, uye pane chimwe chinhu chiri kumusimudza achiwedzera kukwira nekuwedzera kukwira; kushingirira, kutsungirira.

68 Mosesi akatotsungirira zvikuru, mushure mekunge aenda zasi kuEgipita ndokuuraya munhu, uye nedzidzo yake yese nekudzidziswa kwake. Asi zvakadaro akaita chinhu chacho zvisizvo, akaedza, nekuti aivimba nezvaaigona kuita nedzidzo yake uye neyake. . . Tinoudzwa kuti aive muuto. Uye zvaakange akadzidziswa kuita, tinoona kuti zvakakundika. Uye pazvakakundika, haana kutsungirira pazviri, akatizira kurenje kwemakore 40.

69 Asi imwe nguva akasangana naMwari mugwenzi raipfuta, akabvisa shangu dzake, akaona kubwinya kwaMwari. Akaona chimuti chakaoma chichishanduka kuita nyoka, ndokudzokera pakuva chimuti zvakare. Akaona ruoko rwemunhu aiva nemaperembudzi rwuchipodzwa nesimba raMwari. Uye akanzwa Inzwi raMwari richitaura kwaari. Hapana chiri kuzomumisa zvino.

70 Ndakagara ndichimutsanangura, ndinovimba kuti hazvizi nenzira inomhura, mutana, ane makore 80 ekuberekwa, nemudzimai wake agere akatasva nyurusi, ne—nemwana mudiki pahudyu pake. Zuva rakatevera. . . Uye ndebvu dzakarembera, chimuti chiri muruoko rwake, achienda, maziso ake akatarira mudenga, uye—uye akananga mudenga, nendebvu chena dzichipepereka.

Zvino mumwe munhu ndokuti, “Uri kuenda kupi, nhai Mosesi?”

71 “Ndiri kuenda zasi kuEgipita, kunoikurira.” Kupamba kwemunhu mumwe chete, zvakaita sezvisina musoro. Asi nzira dzaMwari, kune pfungwa dzenyama, hadzina musoro. Asi dzinokosha kune avo vakaisa hoko madziri. Vanoziva zvavari kutaura nezvazvo. Vanoramba vachishingaira. Oo, chinofanira kunge chaiva chinhu chikuru! Noa kana kuti. . .

72 Mosesi, waro, achienda zasi kuEgipita, nyika yakaita kuti pasi rose rivhunduke, zvakada kuita seRussia nhasi. Kupamba kwemunhu mumwe chete, mutana, ane makore 80 okuberekwa, aine mudzimai wake agere panyurusi, nechimuti chakakombama muruoko rwake, achienda zasi kunoikurira. Chinhu, chinoshamisa pazviri, kunyika, akatozviita. Akatoikurira.

73 Mwari vanongoda kuva nemunhu mumwe chete bedzi, munhu mumwe chete, pane imwe nzvimbo, akasungirirwa kwaVari, mumwe munhu anoziva pavamire uye achitotsungirira. Kutambudzwa ipapo, musiyano, hazvimbovanetsa, zvachose. Achidzika zasi kunokurira, uye akazviita.

74 Zvaitaridzika sekunge zvisina musoro pakamira mumwe murume akareba mamita 4, kana kudarika. Ndinotenda, minwe yake, yakareba masendimita 35; aine pfumo muruoko rwake, rakaita sedanda remuruki, zvichida rakareba hafu yekubva pano kusvika pamusuwo kunze uko; akamira, achidenha Israeri. Paiva naSauro kune rimwe divi, musoro nemapendekete zvaive pamusoro pemauto ake, murume akadzidziswa, vose zvavo vakadzidziswa zvakanaka, uye vakanyengerwa. Ndizvozvo.

75 Zvino dhiyabhore aida kutaurirana navo. Ndiwo maitiro anoitwa dhiyabhore paanofunga kuti iye ane divi rakanakisa racho. "Huyai kuno. Ngatiregei kuva nekudeurwa kweropa. Vaviri vedu chete. Kana ndikarova munhu wenyu, zvino ticha . . . muchatishandira. Kana akandiuraya, zvino pachave bedzi nemumwe wedu anofa panzvimbo yemauto edu." Ipfungwa yakanaka chaizvo yaanogona kutaura! Munhu wese aitya seachafa.

76 Uye zvaitaridzika sezvisina musoro kuona kamwana kadiki, kane mapendekete akakombama kachiuya nedehwe regwai rakamoneredzwa pakari, chimvii chiri parutivi rwake, nemakeke emazambiringa akaomeswa muruoko rwake, kuti aone vakoma vake. Zvino dhiyabhore iyeye akazvikakanyadza pamberi pemunhu waMwari, imwe nguva, ndokumupikisa nokuda kwazvo. Sei? Aiziva kuti Mwari vaive Ani. Akati, "Ndicha . . . Munoreva kundiudza kuti munorega hondo dzaMwari mupenyu dzichirega muFiristia uyo asina kudzingiswa achizvidza hondo dzaMwari mupenyu? Ndichaenda kunomurwisa." Oo, ini zvangu! Sei? Aitoshingirira.

77 Vakoma vake vakati, "Aa, tinoziva kuti uri ndururani iwe. Dzokera kumba kumakwai awakaudzwa nababa kuti ufudze. Wangouya kuno kuzoona hondo." Haugone kutaura uchikunda munhu waMwari, kana chimwe chinhu chakaitika kwaari.

78 Saka anoenda hake kuna Sauro. Sauro, ndinofunga, akakwenya musoro wake akatarisa pasi. Akati, "Ndinoyemura hushingi hwako, mwanakomana, asi murume uyo murwi wehondo. Murume uyo murwi wehondo, kubva pahudiki hwake. Uye iwe hausi chinhu kunze kwekungova jaya, uye hauzivi chimwe chinhu nezvechimvii kana nezvepfumo, kana kurwa nemunondo."

79 Oo, asi mutarisei achizivisa imwe nyaya. "Muranda wenyu akachengeta makwai ababa vake." Zvino akati, "Rimwe zuva chitsere chakauya ndokutora rimwe remakwayana ababa vangu, zvino ndakachitevera, ndikachiuraya. Ndokubva shumba yazopinda ikatora rimwe ndokuribuditsa, uye ndakaitevera, ndikaiuraya. Zvino," akati, "Mwari vakandipa kukunda pamusoro pechitsere nepamusoro peshumba, kukunda kwakawedzerwa zvakadini kwaVachandipa pamusoro

pemuFiristia uyo asina kudzingiswa ari kuzvidza hondo dzaMwari mupenyu!"

80 Sauro akati, "Asika unongova pwere zvayo." Akati, "Hauna chawakapfeka, kunze kwekadehwe kegwai bedzi. Mira, ndicha—ndichakupfekedza nhumbi dzangu dzokurwa nadzo."

81 Saka akamutora ndokumupfekedza nhumbi dzake dzokurwa nadzo. Mungambozvifungawo here? Bhaibheri rakati aive "akatsvukuruka," karume kadiki, zvichida kanorema 50kg, kakapfeka nhumbi huru kwazvo dzekurwa nadzo dzemurume anorema anenge 113, akareba mamita 2 neanoraudzira. Aive akatotsikirirwa. Ungambozvifungawo here izvozvo?

82 Dhavhidha akatarisa-tarisa. Mapendekete akafara zvakada *kudai* akabudikira kunze zvakanyanyisa. Uye yaitaridzika sesiketi paari, yakarembera zasi-zasi saizvozvo, hombodo yepachipfuva. Akaona kuti nguwo yehufundisi yaisakwana pamunhu waMwari. Uh-huh. Akati, "Ndibvisei chinhu ichi. Handina chandinoziva nezvacho. Asi regai ndiende nezvandinoziva kuti zvakarurama." Hezvoka izvo. Akaenda musimba reMweya.

83 Ndinotenda kuti aiva Hudson Taylor akamboti imwe nguva kumumishinari wechiChina. Mukomana wechiChina uyu akati, "VaTaylor, ndanzwa kudanwa kwangu muna Kristu." Akati, "Ndochienda here zvino ndonodzidza kuti ndiwane Bachelor of Art yangu, uyezve nePh. D. yangu, nezvose zvandinofanira kuva nazvo, dhigirii rangu rachiremba?"

84 VaTaylor vakati, "Enda iye zvino, mwanakomana. Enda iye zvino. Usamirire kusvika nguva iyoyo yasvika. Unopedza mahara hupenyu hwako hwakawandisa."

85 Ndinofunga kuti ndizvozvo. Ndinobvumirana naVaTaylor. Enda iye zvino. Handisi kuedza kutsigira kusafunda kwangu zvino nekuedza kutaura kuti hatidi dzidzo. Inogona kuva nenzvimbo yayo. Asi dzidzo isina ruponeso haina kana hoko inodzikamisa. Zvinongova zvinofambisa chikepe pasina hoko inodzikamisa. Enda kenduru painongotungidzwa. Usamirira kusvika yatsva kusvika pahafu. Enda kana waitungidza. Kana usingazive chimwe chinhu kunze kwekuti yakatungidzwa sei, udza vamwe kuti yakatungidzwa sei, zvichida vachatungidzwawo zvakare. Maona? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Saka kenduru painongotungidzwa ipapo, enda unoudza munhu wese kuti kenduru yako yatungidzwa sei, uye zvichida vachatungidzwawo kubva pauri. Maona? Cherechedzai.

Zvirokwazvo, Dhavhidhi akatoshingirira, nokuti aiziva.

86 Samusoni akasanganikwa naye mumunda rimwe zuva nechiuru chevaFiristia chakamukomberedza. Uye akatarisa kwese-kwese . . . Aisava munhu akadzidziswa aiziva kurwa nemunondo. Asi paakatendeutsa musoro wake akanzwa sungano

iya, mhotsi dziya dzichirova mapendekete ake. Ndizvo zvoga zvaaifanira kunzwa. Akawana chinhu chekutanga muruoko rwake, chaiva rushaya rwenyurusi, ndokurovera pasi chiuru chevaFiristia. Sei? Akatoshingirira nekuti aiziva kuti Mwari vaive vaita sungano naye, pamhotsi 7 idzodzo. Chero bedzi dzaingorembera panzvimbo yadzo, hapana chaizomunetsa.

87 Oo, hama, hanzvadzi, Chechi yaMwari mupenyu inofanira chaizvo kumira manheru ano, ichitoshingirira. Chero bedzi tichingonzwa sungano yeMweya Mutsvene, Ropa raJesu Kristu richititichenesa kubva kuchivi chose, hatifanire kurega chimwe chinhu chichimira munzira yedu. Kushingirira, zvirokwazvo.

88 Johane, muporofita mukuru akataurwa nezvake, kuti aizosimuka; paaiva murenje, akaudzwa naMwari. Vaitarisira mesiya, honguka; makore 400 vasati vava nemuporofita. Asi, Mwari vakamuudza, ari murenje, Vakati, "Zvino, vachaedza kukuudza kuti, 'Chiremba *Nhingi-nhingi* ndiye muchinda anofanira kunge ari Mesiya, kana uri kuzoMuzivisa. Nokutika, ndiye munhu akanakisa muungano yedu.' Zvino vachazoti, 'Zvinoka, muzukuru wemuprisita mu—mukuru kumusoro kuno, ndiye—ndiye muchinda anofanira kuva nazvo,' nezvimwe zvakadaro. Asi, honaka, Johane, iri ibasa remazvirokwazvo. Unofanirwa kuva nechokwadi, saka ndichakupa chiratidzo. Pane Uyo wauchaona Mweya uchiburukira nokuramba uri paari, ndiye waCho achazobhabhatidza neMweya Mutsvene nemoto."

89 Johane akamirapo, akatarisa ungano dzichiuya. Uye iye. . . Munhu wese achiva *izvi, izvo,* ne*zvimwewo*. Asi haana kukwanisa kuMuona. Rimwe zuva, akamira hake, achipikisana nemuprisita, achiti, "Unoreva kundiudza here kuti nguva ichasvika yekuti chibayiro chezuva nezuva chichange chabviswa?"

Akati, "Kuchauya mumwe Murume."

90 Zvino akatarisa. Hezvoka izvo. Akati, "Tarirai, hero Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika."

91 Akazviziva nokuti Mwari vakanga vamuudza kuti, "Pane Uyo wauchaona Mweya uchiburuka paari." Akazviziva. Akatoshingirira.

92 Kudzokera kumudzimai mudiki uyu. Tinongova nezvinhu zvakawanda zvataigona kutaura nezvevamwe vakasiyana-siyana vakatsungirira, vakashingirira, vakaramba vakabatirira, kuti vabudirire.

93 Ndine kasirogani, kandinotaura kazhinji. Kanogona kuva kakanaka kuti mukatore. "Anokunda haambokandi mapfumo pasi, uye anokanda mapfumo pasi haambokundi." Ingofunga nezvazvo. "Anokunda haambokandi mapfumo pasi, uye anokanda mapfumo pasi haagone kukunda." Unofanira kuramba wakabatirira. Uye usati watombotanga, iva

nechokwadi chekuti wakarurama. Zvino wobva wachishingirira, usarega chimwe chinhu chichikutsukunyutsa. Enderera mberi. Ndakambova nechiitiko chazvo, uye munozviziva. Ndinoziva chinhu chimwe chete ichi, kana uine chokwadi chaicho chekuti uri mukuda kwaMwari, kana uine chokwadi chaicho chekuti wakazorora paKarivhari, hapana chinokutsukunyutsa. Unenge uripo.

94 Mudzimai mudiki uyu, aiva muGiriki, uye ari weSirofonike, zvino aive anzwa nezve mukurumbira waJesu. Zvino, kutenda kunouya sei? Nokunzwa, kunzwa Shoko. Akanga anzwa nezvaKe. Zvakare munoziva, anogona kunge akava nezvinhu zvakawanda zvekumudzivisa, zvaaive muGiriki. "Kutenda kunouya nekunzwa." Tinozviziva izvozvo. Uye aive nezvinhu zva—zvakawanda zvekumudzivisa, asi kutenda kunowana chitubu chisingazivikanwe nemumwe munhu.

95 Kutenda kunowana chitubu ichi chekuti hapana anogona kuchitsanangura. Ndechimwe chinhu chaunoziva. Vamwe havagone kuchiona, asi kutenda kunochiona. Kutenda kunochiona ichocho, ziso renyama risingachione. Asi ziso remukati rinoona chinhu ichocho.

Zvino, aitoda kuwana Jesu. Ai-. . .

96 Chinhu chekutanga chaunofanira kuita, kana uri kuzowana Kristu, unofanira kuziva kuti uri kunyatsoMuda. Paunofunga kuti hautongoMudi, zvino hauzomboMuwana, nekuti hautoMutsvagi nemoyo wese.

97 Makacherechedza here Gwaro riya parinoti, "Tsvaga uye uchawana, gogodza uye richazarurwa"? Chaizvoizvo, hakusi kungogogodza, sekuti [Hama Branham vanogogodza papurupiti kamwe chete—Mupepeti], uye richazarurwa. Uyo asiri kuzongoti, "Zvinoka, ndabuda, Ishe. Hezvo ndiri pano. Muri kundida here?" Kwete, handizvo. "Uyo anotsvaga, uyo anotogogodza," zvekutoramba uchidaro. [Hama Branham vanogogodza papurupiti kakawanda.] Zvinofanira kuenderana nemamwe Magwaro ose.

98 Semutongi asina nduramo neshirikadzi. Yakaramba ichitogogodza pamukova wake. Akatoshingirira. Kana akamurambira nhasi, mangwana acho ainge otomunetsa zvakare.

99 Ndiyo nzira yaunoda kuwana nayo Mwari. Vanetse, mangwanani ega-ega, husiku hwega-hwega, mazuva ose, nguva dzose, nguva nenguva. Ingoramba uchitsvaga, ramba uchikumbira, ramba uchigogodza. Usangogogodza kwechinguvana, wotoneta wobva waenda. Ingoramba wakamirapo, "Ishe, ndiri pano, uye handisi kuzobva pano. Ndiri kutoKunetsai zvino. Ndiri kuzogara ipo pano. Maneta nekundinzwa here? Ndiri kutova hangu nenguva yakanaka ndichigogodza, nekuti ndinoziva kuti Muri kuuya." Ameni.

Ndipo panoitika chimwe chinhu ipapo. Vanotofanirwa kuita zvinoita kuti usaVanetse, munoona, saka Vanouya kuzokupindura. Zvino, kutenda kunowana izvi.

100 Shoko raVo Munondo. Bhaibheri rinoti, muna VaHebheru 4:12, kuti, "Shoko raMwari rinopinza kupfuura munondo unocheka nemativi maviri."

101 Zvino, pane chinhu chimwe chete chinogona kubata Munondo uyu. Ndirwo ruoko rwekutenda. Ruoko rwekutenda ndicho chinhu chega chinogona kubata munondo uyu wekutenda, munondo weShoko. Zvino, unogona kuva neruoko rwusina simba, rwunongokwanisa bedzi kuusimudza zvekuti ururamiswe, hauna simba zvachose. Pamwe ndizvo zvoga zvaunogona kungocheka. Asi munondo uyu weShoko unosunungura vimbiso yese yakaitwa naMwari maRiri, kana vaine ruoko rwakasimba chaizvo rwekutenda rwakaubata ipapo. "Ndinotenda Mwari pakupodzwa kwangu. Ndinotenda Mwari nerubhabhatidzo rwangu." Mwari vakaita vimbiso, uye kutenda kunobata Munondo uyu, kunoibuditsa kubva muDombo riri mhiri uko. Vimbiso yose yaMwari inogona kusunungurwa, neShoko raMwari, nokuti Munondo.

Aiva nezvidziviso zvakawanda, asi kutenda kwaive kusina.

102 Unogona kunge uine zvidziviso zvakawanda. Munhu wese achitanga kusangana naKristu uchaona kuti une zvidziviso zvakawanda, asi kutenda kwako hakuna kana. Kutenda hakuna kana chidziviso. Kutenda ane mvere pachipfuva chake, mamhasuru makuru.

Kushandisa pfungwa kunosimuka zvino kwoti, "Unoziva, zvine musoro."

103 Kutenda anodhonzera mamhasuru ake shure oburitsa chipfuva chake chakakura kunze, obva ati, "Nyarara. Gara pasi." Zvino kushandisa pfungwa anosvetukira mukona uye ogara pachituru chake. Ndizvozvo. Kutenda ane mamhasuru, uye iye—iye anoreva zvaanotaura.

104 Ndizvo zvatiri kuda manheru ano. Ndizvo zviri kudiwa nechechi yeFoursquare. Ndizvo zviri kudiwa neboka rePentekosti. Ndizvo zviri kudiwa nepasi rose. Ndizvo zvandiri kuda ini. Ndizvo zvauri kuda iwe. Uye tinofanira kunyara kuzvibvuma, asi tinoda kutenda kunobata Shoko raMwari uye kwoti Ichokwadi. Ukasangana nadhiyabhore woti, "ZVANZI NAJEHOVHA."

105 Ndaiverenga rimwe zuva pakanzi nemumwe murume dhiyabhore akauya pamberi pake. Zvino akati, "Aingova kadhiyabhori kadiki chaiko, zvino akati, 'Bhu-u.'"

106 Akati, "Ndakasvetuka ndichidududza." Uye akati, "Akati, 'Bhu-u.' Ndakasvetuka ndichidududza. Nguva dzese dzaaidanidzira kuti, 'Bhu-u,' zvino ndaisvetuka ndichidududza,

aitowedzera kukura uye ini ndichiwedzera kudupika." Zvino akati, "Akaramba achiti, 'Bhu-u.'" Akati, "Ndaitowedzera kudupika nguva dzese pandaisvetuka ndichidududza, uye iye aitowedzera kukura."

107 Akati, "Ndakaziva kuti ndaifanira kuzomurwisa, mushure mechinguva." Akati, "Ndakatarisa-tarisa, ndikafunga, 'Chii?' Ndakawana Shoko raMwari." Akati, "Ndakarimonera muruoko rwangu. Zvino dhiyabhore ndokuti, 'Bhu-u.' Zvino ndakati, 'Bhu-u,' ndichidzorera." Uye akati, "Pandakati, 'Bhu-u,' ndichidzorera, nguva dzese dzandaiti, 'Bhu-u,' aiwedzera kudupika uye ini ndaitowedzera kukura." Ndizvozvo. Unofanira kuzomurwisa, mukufamba kwenguva.

108 Munoziva, vanhu havatende kuti kuna dhiyabhore. Ini ndinosangana naye, nguva dzese, uh-huh, kutoti dhuma-dhuma naye zuva nezuva. Mutendi chero upi zvake anotosangana naye. Hongu, unofanira kumurwisa, mukufamba kwenguva, saka chitotanga hako iye zvino. Pane chinhu chimwe chete chaanotya, ndiro Ropa iroro neShoko iroro. Kutenda kunoRibata. Rakasimba, rinofora richienda mberi.

109 Zvino, tinoona kuti, mudzimai mudiki wechiGiriki uyu, sezvandataura, aiva nezvidziviso zvakawanda, asi kutenda kwake kwakanga kusina kana. Kutenda hakuna kana zvinokudzivisa. Vanogona kunge vakati kwaari, "Unoziva here kuti uri muGiriki iwe? Uri—uri—uri muGiriki. Unoziva, hausi wesangano raKe. Usaende zasi ikoko kuboka iroro."

110 Zvino, ndicho chimwe chezvidziviso. Maona? Asi kana uine kutenda, uri kuenda, zvakadaro. Hazvina kana mutsauko wazvinoita, kuti Ari musangano ripi, chero bedzi Arimo.

111 Aiva nechishuwo. Aiva nemwanasikana akanga ari kufa nepfari. Uye aifanira kusvika kwaAri, nekuti vanachiremba havana chavakakwanisa kumuitira. Havakwanise kuzviita nazvino. Saka aitofanirwa kusvika kuna Jesu. Aive anzwa kuti Akambopodza mhando dzezvirwere zvakadaro.

112 "Saka," vakati, "Iye, haAsi—haAsi . . . Haana kumbouya nerumutsiriro rwaKe kumasangano enyu." Izvozvo hazvina kumudzivisa. Mudzimai mudiki uyu aiva nekutenda. Akatoshingirira. Akangopfuura boka iroro. Kutenda kwake kwakamubvisa pariri.

113 Oo, dai vaingokwanisa kuita izvozvo nhasi! Mumwe munhu anoti, "Pane musangano manheru ano zasi kuchechi yeFoursquare."

114 "Manjeka, hausi wesangano renyu. Chitogarirai kure neko zasi ikoko."

115 Ingomanikidzira kusvika wopinda. Kutenda kwako kunokutungamirira mberi. Maona? Kutenda hakuna chidziviso. Kunongoenda, zvakadaro. Hapana chiri kuzokumisa.

Sezvandambotaura, imonya, ine mhasuru dzakakura. Kunotonga; zvimwe zvese zvinotokutya. Hongu, changamire. Zvinotiza kubva kwaKuri, sesmallpox. Zvinotongobva zvichienda kure. Hazvinei nechokuita naKwo, kana kutenda kukuru kwasimuka, kwoti, "Ndinoziva uyo wandinotenda, uye ndakagutsikana." Ndizvozvo.

116 Panogona kunge paine rimwe boka rakauya, rikati, "Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro. Iboka revaumburuki vatsvene zasi uko, maJudha iwayo. Tiri maGiriki isu. Takangwara. Tiri boka revanhu vakachenjera. Tisu tinopa nyika humhizha hwekudhirowa, mumhanzi, ne—nechinamato. Uye hakuna chinhu chakadaro seIchocho."

117 Asi mudzimai uyu akatoshingirira. Mazuva ezvishamiso akanga asati apfuura, kwaari, nekuti chimwe chinhu chakanga chamuudza, zasi *kuno*, kuti akanga asati. Uye Jesu akanga aine zvaaitsvaga, uye aive akatsunga moyo kusvika kwaAri. Zvisinei nekuti sangano rake rakazvitsigira here, kana kuti kwete, akanga ari kuzoenda, zvakadaro. Akanga ari kuzodzika zasi ikoko. Aitoshingirira, kutoramba achishingirira. Mazuva ezvishamiso anogona kuve akapfuura kwavari, asi zvaive zvisina kudaro, kwaari. Ndizvo zvazviri nemutendi wese. Vanhu ivavo vanoti mazuva ezvishamiso . . .

118 Mumwe murume akandiudza, imwe nguva yapfuura, akati, "Handina basa nezvamungataura, VaBranham." Akati, "Handitende kuti kune chinhu chakadaro sekupodza kwaMwari."

119 Ndikati, "Zvirokwazvo kwete, kwamuri. Hazvina kuitirwa vasingatendi. Zvinongova zveavo vanotenda bedzi. Ndizvozvo. Hazvina kutumirwa kune vasingatendi. Zvakatumirwa kuvatendi. Hamugoni kunakidzwa naZvo, nekuti hapana chamunoziva nezvaZvo."

120 Aida kundiudza kuti, "Paisava nechinhu chakadaro seMweya Mutsvene."

121 Ndakati, "Makanonoka nemakore angangoita 33, pane izvozvo." Ndikati, "Ndinoziva zviri nani. NdakatoUgamuchira kare."

"Aa, hazvina maturo!"

122 Ndakati, "Zvinogona kudaro, kwamuri, asi kwete kwandiri. Ndewemazvirokwazvo kwandiri. Unotova Hupenyu, chimwe chinhu chakadzika hoko." Akanonokesa kuuya kuti andiudze kudaro.

123 Vakatononokesa kuuya kuzotiudza nezvekupodza kwaMwari. Takatopodzwa kare. Takatozadzwa kare neMweya Mutsvene. Takatowana nyasha dzeKubvutwa kare. Ameni. Vakatononokesa kune chero chezvinhu izvozvo. Ngavatonyarara

zvavo. Takatouwana kare. Kutenda kwedu kunogona kuti, "Gara pasi. Ndinoziva zvandiri kutaura."

"Zvinoka, Chiremba *Nhingi*-. . . "

124 Handina basa nezvakataurwa naChiremba *Nhingi-nhingi*, Bhaibheri rakazvitaura, uye ndine kutenda muBhuku iro riri muruoko rwangu. Zvino kutenda kwangu kunoRibata kunze uko, "Jesu ari kuuya. Ndinotenda kuti ndakagamuchira Mweya Mutsvene, nokuti ndinoMuona achirarama muhupenyu hwangu." Ameni. Zviri maringe neShoko. Hapana. . . Chizaruro chakaratidzwa, kusimbiswa kwakakwana kweBhaibheri kuti rakarurama, uye Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Rega vaseke nenzira iyoyo. Vanogona kuseka chero zvavanoda. Tichangoshingirira sezvavaiva apo paiva naNoa, apo paiva naMosesi, vamwe vose vanoita zvekutevedzera vachisimuka.

125 Jane naJambure vakakandira tsvimbo yavo pasi, ikashanduka kuva nyoka. Kwaiva nevarume ivavo, vaingoremekedzwa sezvavaigona, vakaita chaizvo zvavakaudzwa naMwari kuti vaite, zvino kwakauya boka rekutevedzera, vakakandirawo tsvimbo dzavo pasi. Chinhu choga chavaigona kuita, kungomira bedzi voona kubwinya kwaMwari. Ameni.

126 Mwari vachamira nazvo. Kana Vakakutuma, uye uine chokwadi nazvo, uchazadzisa basa iro Mwari vakafanokutemera kuti uite. Uchamirapo, uye Mwari vachabvisa munhu wese anotevedzera ari munyama kubva pauri. Ndizvozvo. Mira ipapo. Unogona kutoshingirira, nekuti unoziva Wawakatenda, uye nezvakarurama. Ongorora chizaruro chako neShoko. Kana chichipesana neShoko, chisiye chakadaro. Kana zviri pamwe neShoko, Mwari vanosungwa, vanosungirwa, kuchengeta Shoko raVo.

127 Zvino, zvino, panogona kunge paiva neboka remadzimai akamira pakona, munoziva. Zvino vakati, "Hoyo ouya. Zvino ane mwana uya kumusoro uko, ane pfari. Uye—uye Chiremba *Nhingi-nhingi* vakatotaura kare kuti—kuti hapana chinorapa pfari. Zvino heuno uyo, achienda zasi kusangano riya risingacherechedzwe zasi uko, kumuporofita uya mupengo kuti auye kumusoro kuno kuzopodza mwana iyeye." Saka vakati, "Tinofanira kumumisa Susie." Ndinovimba kuti hapana Susie ari pano. "Asi tinofanira kumisa Susie tomuudza, nokuti anga ari mudzimai akanaka. Hapana chipomerwa pahupenyu hwake. Asi tinofanira kumumisa, uye ndicho chinhu chega chandinoziva kuita. Akatopfuura kare, nekune vamwe vese, saka haasi kuzoputsa chidziviso ichi.

128 "Unozivei, Susie? Murume wako anokusiya. Nokuti, mutirastii kana mudhikoni mubhodhi, uye anokusiya, chokwadi sekuvapo kwenyika, kana ukaenda zasi ikoko."

129 Akatoramba achishingirira. Akangoenderera mberi. Maona? Kutenda hakuzive chidziviso. Kunofanira kusvikako.

130 Zvino akapfuura pane rimwe boka rakati, "Unozivei? Pauchadzoka, wakundikana, uye waona kuti hapana zviripo kwazviri, munhu wese munharaunda achakuseka iwe."

131 Izvozvo hazvina kutomboita kuti nzeve dzake dzitsvuke. Akatoramba achishingirira. Akaramba achienderera mberi. Ndinozvifarira izvozvo. Ndinofarira kushingirira kwakadaro.

132 Zvino hepano pakamira mumwe wemadhikoni, ndokuti, "Kana ukangoendako, unoziva here zvavari kuzokuita? Kukubuditsa muchechi mako, nekuti wazvibatanidza nevaumburuki vatsvene ivavo, kana kuti vanhu ivavo." Ndokuti, "Unoziva . . . " Ndiregerereiwo. Pamwe handaifanira kunge ndataura kudaro. Maona? "Uri kuzvibatanidza navo, uchadzingwa muchechi mako."

133 Akatoramba achishingirira. Kutenda hakuzive chinonzi kukundwa. Aiva nechinhu chimwe chete chokuita, uye kwaiva, kusvika kuna Jesu. Aiva nechitsvako, uye ndiYe Ega aiva nechitsvako ichocho.

134 Ndiri kutaura izvi manheru ano, hama nehanzvadzi. Ndine makore 53 ekuberekwa. Ndanga ndichiMushumira kubva ndine makore angaita 20. Akazadzisa zvese zvandaida. Uye kana zvasvika panguva yekufa kwangu, ndine chokwadi kuti zvandichada panguva iyoyo chaiyo, mapapiro 2 ekuti ndisvike mhiri kwerwizi, Iye achange aripo. Usanetseka hako. Ndinoziva kuti Achange aripo. Ndichangodzorera munondo wekare muhara yawo, ndobvisa ngowani, ndoiisa pasi parwizi, pandinenge . . . mahombekombe, pandinonzwa vatumwa ivavo. Uye ndichadanidzira kuti "Tumirai chikepe chekununura vanhu. Ndiri kuuya kumusha, mangwanani ano." Chichange chiripo. Hongu, changamire. Nyeredzi yeMangwanani ichadzika yovhenekera nzira. Mhiri kwerwizi tichaenda. Hongu, changamire. Ameni.

135 Mudzimai uyu akatoshingirira. Aive nechaaida kubudirira pachiri. Aiziva kuti aitofanira kutsungirira kuti asvike kuna Jesu, saka aitofanira kupfuura nemune zvese.

136 Pakupedzisira, akasvika. Zvino, pakupedzisira, akasvika pano. Zvinhu zvose zvachinaka zvino, uye zvakare hapo ndokuuya chimwezve chidziviso. Murume waCho chaiye waaitaura kuti aiva neruvimbo maari, Murume wacho waaiedza kusvika kwaari, Jesu. Akati, "Handina kutumwa kurudzi rwako iwe." Oo, ini zvangu! Hazvitikonzere kuti tiputike here izvozvo isu maPentekosti? Hmm! Hmm! Ini zvangu! "Handina kutumwa kurudzi rwako iwe." Fiyuu! Chakave chinhu chaivhundutsa chaicho.

Asi munozivei? Kutenda hakuzive kana chinovhundutsa.

137 Uyezve, zvakare, Anotendeuka. Mushure mezvinhu zvose izvi zvaakanga apfuura nemazviri, uye kutenda kwake kwakabata, kuti aitoziva kuti Jesu aigona kumupa chishuwo chake. Zvino akapfuura nemune chimwe nechimwe chezvidziviso izvi. Zvino paakasvika kwaAri, akabva arambirwa, zvizere, "Handina kana kumbotumwa kurudzi rwako iwe."

138 Ndinogona kufungidzira akamirapo, nemaziso ake achipenya. Iye—iye aive pamberi paKe zvino. Ndizvo zvoga zvaaifanira kuita. Ndokuti, "Kunze kwaizvozvo, rudzi rwako harwusi chinhu kunze kweboka rembwa." Oo, ini zvangu!

139 Ko dai Akataura izvozvo kwauri? Waizoti, "Regai nditore mapepa angu kubva paFoursquare iyi ndiende kune imwewo nzvimbo. Handimbofa ndakadzokerako zvakare. Ndichazvitora kubva kuna *Nhingi-nhingi*." Oo, hongu. Hongu, changamire.

140 Asi akaramba akabatirira. Oo! Maona? Kutenda hakuzive chinonzi kukundwa. Hapana chinhu chichakumisa. Kunyange Jesu akati kwaari, Iye wacho waakauya kwaari, akati, "Handina kutumwa kurudzi rwenyu, uye havasi chinhu kunze kweboka rembwa." Fiyuu! Asi chii? Anga akabata kutenda kwemazvirokwazvo. Kutenda hakuzive chinonzi kukundwa; handina basa kuti kunobva kupi. Hakuzive chinonzi kukundwa, nokuti aiva nekutenda. Akaramba akabatirira. Oo! Ndinozvida izvozvo. Akanga asiri chirimwa chemugirinihausi, chemasanganiswa, sevamwe vavo nhasi.

141 Zvinamato zvemasanganiswa izvi zvatinazvo nhasi, munoziva. Hazvina kunaka. Zvinhu zvose zvino zvangova masanganiswa, masanganiswa. Kunyangwe vatova nemachechi emasanganiswa, Makristu emasangwaniswa, akagamuchirwa nekukwaziswa maoko. Oo, vanogona kupfeka zviri nani, zvichida kushandisa Chirungu chiri nani, nezvimwe zvakadaro, saizvozvo. Hazvina kana hupenyu mazviri.

142 Iwe tora muguri mukuru wakanaka wechibage, masanganiswa, zvichida chakanaka zvakapetwa kaviri pane chimwe chacho. Ukachidyara, chinofa. Hachina kana hupenyu machiri. Ndizvozvo chaizvo.

143 Hatidi kana chimwe chinhu chemasanganiswa. Tinoda chinhu chemazvirokwazvo. Usinacho, garapo kusvikira chauya. Unogamuchira chinotsiva sei iwo matenga ePentekosti azere nechemazvirokwazvo chacho? Maona? Hapana chemasanganiswa, hachimire.

Unofanira kugara uchipfapfaidza chirimwa chemasanganiswa kuti udzivise zvipembenene kuenda pachiri.

144 Ndizvo zvakaita mamwe eMakristu emasanganiswa aya. Unotofanira kuvabata sekacheche uye wovarezva, nekuvavimbisa kuti vari kuzova mudhikoni kana chimwewo chinhu, kudzivisa zvimwe zvezvipembenene zvenyika zvisave

pavari, zvekusatenda. “Vaizobuda muchechi.” Vadzingei, zvakadaro. Ndizvozvo. Havana kumbobvira vapinda.

145 Haukwanise kujoinha Chechi. Unogona kujoinha kirabhu. Unogona kujoinha kirabhu yeMethodisti, kirabhu yeBaptisti, kana kirabhu yePentekosti. Asi kana ukazombouya kuna Kristu, unozvarwa muChechi, ndizvozvo, Mutumbi wakavanzika waKristu. Mamwe aya makirabhu. Ndizvozvo. Zvakanaka, hapana chandinopesana nawo. Asi unozvarwa muChechi yaMwari mupenyu, neMweya waMwari. Haugone kuIjoinha, zvachose. Uye kana wazvarirwamo, unowana Kuberekwa.

146 Hausisiri wemasanganiswa, munhu wekujoinha nokukwaziswa noruoko kana mufambi anongokwira chese-chese. Uh-huh. Munoziva, mufambi anokwira chese-chese anogara achingomisa motokari nemunwe. Ndiyo nzira yacho. “Zvinoka, ndinoziva, asi Chiremba *Nhingi-nhingi*. . .” Kwete, kwete. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

Aitoshingirira. Akanga asiri wemasanganiswa. Hawaida kuti umupfapfaidze, nezvinonhuwira, kumugadzirisa. Akamirapo.

147 Chikamu chezvirimwa zvedu nhasi, zvizhinji zvazvo masanganiswa. Zvakangoda kuita saDavid duPlessis, ndinotenda, akamboti, “Mwari havana vazukuru.”

148 Dambudziko nekufamba kwedu kwePentekosti, tiri kuwana vazukuru vePentekosti. Vanouya nokuti vanababa navanaamai vedu vaiva maPentekosti. Takavaisa murejista revacheche, uye vakazokura vasina kana chiitiko chacho. Uye ipapo vanoti maPentekostiwo, zvakare. Kwete, changamire. Mwari havana vazukuru. Havasi asekuru; iVo ndiBaba. Ndizvozvo. Kana uri kuzombosvika Kudenga, uchatobhadhara mubhadharo wacho sezvakaitwa namai vako, zvakaitwa nababa vako. Ameni. Zvinogona kunzwika sezvakakwasharara, asi iChokwadi. Inzira yakakwasharara yekutaura pfungwa yacho, asi munonzwisisa mhando iyoyo yeChirungu, ndine chokwadi. Hachisi Chirungu chakanaka kwazvo. Chinobuditsa pfungwa yacho, zvandiri kuedza kutaura. Ingoteererai kwaZviri. Hongu.

149 Akanga asiri musanganiswa. Akanga asingadi kuti apfapfaidzwe, uye kuitwa mucheche zvino, “Saka, zvino, hanzvadzi inodikanwa, ndi—ndinokuudzai, zvinoka. . .” Oo, kwete. Kwete, changamire.

150 Uye zvisinei kuti chii chakamuwisira pasi, akati, “Ichokwadi. Hapana zvatiri kunze kweboka rembwa. Ichokwadi kuti hatina kuzvikodzera.” Oo, ini zvangu! Akatobvuma kuti Aitaura zvaiva izvo.

151 Ndiri kuzotaura chokwadi chizere. Gadzirirai. Nguva dzose, kutenda kwechokwadi kunotobvuma kuti Shoko riri raiti. Uye chero nguva, yekuti chimwe chinhu chikati mazuva ezvishamiso akapfuura, kana chimwewo chinopesana

neBhaibheri, hachisi kutenda kwechokwadi. Kutenda kunogara kuchibvuma chokwadi. Unofanira kugara neShoko. Zvisinei kuti chimwe chinhu chinoti kudii, zvinotaurwa nemumwewo munhu, Shoko ndiro rakarurama. "Shoko remunhu wese ngarive renhema, uye raNgu rive rechokwadi. Ani naani achawedzera kwariri, kana kubvisa kwariri, mumwe cheteyo achabviswa chikamu chake kubva muBhuku reHupenyu."

152 Mwari vachazotonga nyika nechechi here? Ipi yacho? Katorike? Masangano 660 neanoraudzira akasiyana-siyana? Ko Vachazviita sei?

153 Mwari vachatonga nyika naJesu Kristu. Uye Kristu, "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu." Mwari neShoko chinhu chimwe chete. *Ava* ndiMwari vari mumavara akadhindwa.

154 Une—une Mweya Mutsvene here? Dyara Mbeu iyoyo imomo. Unoiunza kuHupenyu, woburitsa Hupenyu ihwohwo, uye woratidza nekuhusimbisa. Jesu akati, muna Johane 12, "Uyo anotenda maNdiri . . . " Mutsvene Johane 14:12, waro, "Mabasa aNdinoita naiye achaaitawo." Saka kunogara kuchibvuma Chokwadi. Oo, ini zvangu!

155 Asi, munoziva, mudzimai uyu akati, "Ichokwadi. Hapana zvatiri kunze kweboka rembwa. Uye isu hatisi . . . Hamuna kutumwa kwatiri zvechokwadi. Asi, Ishe, handisi kutsvaga chingwa chose chaive nevana. Ndiri kungotsvaga mafufu chete." Oo, ini zvangu!

156 Uye munocherechedza, vanhu, vanoda kuwana *izvi*, vopodzwa, uye vowana Mweya Mutsvene nenzira yavanofunga kuti vanofanira kuva nawo. "Zvino, ndichauya zasi ikoko, hama, kana mukandiunza kumusoro mondiendesa mukamuri isina munhu anondiona, uye moisa maoko enyu pandiri nekundiropafadza, uye moisa Mweya Mutsvene mandiri. Ndichazvigamuchira." Oo, kwete.

157 Naamani aida kugamuchira kupodzwa kwake saizvozvo, imwe nguva. Asi Eria akamuudza kuti aende kunze uko muJorodhani rekare raiva nematope onozvinyudza ka 7. Ndiri kutongomuona achiburuka mungoro yake. Oo, munhu mukuru, obata mhuno yake. Hoyo opinda, mumvura, achinyahwaira sekatsi iri mumanyuchi, munoziva, achiuyako se*zvizvi*, munoziva, achibuda sa*izvozvo,* odzika mumvura. Akati, "Oo, ndinovenga kuita izvi," akanyatsoninipiswa chaizvo. Vamwe vanhu vanouya kuartari sekunge chaiva chinhu chinorwarisa kwavari. Ehe. "Oo, handidi kuita izvozvo."

Akazvinyudza kamwe chete, zvino akati, "Manje ndichine maperembudzi."

158 "Muporofita ati, 'Ka 7.'" Ndizvozvo. Kusvikira ateerera Shoko, zvizere! Kusvikira waRiteerera, zvizere! Aiva nemurume

akanaka aive akamira pamahombekombe, akati, "Muporofita ati, 'Ka 7,' baba. Maona? Ingorambai muchizvinyudza."

159 Ndizvozvo. Ukasazviwana husiku hwekutanga, ingozvinyudza zvakare husiku hunotevera hwacho. Ingoramba uchiita kusvika wawana—wazviwana.

160 Zvino rangarirai. Anga akaita saRahabhu chipfeve, mudzimai mudiki uyu ndizvo zvaaiva. Akanga asati amboona chishamiso. Akanga angonzwa nezvechishamiso. Chii chaacha zuva mu. . . achaita paZuva Rekutongwa kwatiri? Akanga asati amboona chishamiso. Aiva Murudzi. Akanga asati amboona, asi akanga angonzwa. Uye isu takaona nokunzwa zvese, asi zvakadaro topokana. Oo, ini zvangu!

161 Aive akaita saRahabhu chipfeve. Vatsori pavakauyako, haana kumboti, "Regai ndikuudzei. Huyai naJoshua pano andiitire sevhisi, uye ndigoona kuti anokama sei bvudzi rake, nemataurire ake, nekazvibatiro kake papurupiti. Uye ndichaona kuti ndinogona kumugamuchira here kana kuti kwete." Akati, "Ndakanzwa kuti Mwari veKudenga vaiva nemi, uye chinhu choga chandinokumbira kuponeswa." Hezvoka izvo.

162 Mudzimai mudiki uyu akatoshingirira chaizvo. Akaramba akabatirira. "Chingondisiyaiwo. Ndichaita chose chamunoda kuti ndiite." Oo, hezvoka izvo. Ndizvozvo.

163 Mudzimai mudiki uyu, zvisinei kuti zvakaoma zvacho zvaivei, akatoshingirira. Oo! Akava nemasvikiro akanaka kuchipo chaMwari. Akava nemasvikiro akanaka, kuzvininipisa. Akawira pasi patsoka dzaKe, uye akava nekuzvininipisa. Haana kusimuka, achiti, "Zvino, Mirai zvishoma. Munoziva kuti isu vanhu tiri maGiriki. Imi moti tiri imbwa. Chimbomirai zvishoma pano, Changamire. Munozviziva here kuti tisu—tisu nyanzvi dzehumhizha, uye tisu nyanzvi dze*zvokuti-ne-zvokuti* ne*zvakati-zvakati*?" Haana kumbofunga nezvazvo, zvachose. Akangobvuma kuti Akanga ari raiti, ndokuwira pasi patsoka dzaKe, akati, "Ndibatsireiwo, Ishe. Ndichangodya mafufu acho. Kana mwanasikana wangu asingakwanisi kuwana chimedu chose chechingwa, haMungangomuwanisawo mafufu acho chete, kana ari imbwa?" Oo, ini zvangu! Hezvoka izvo.

164 Isu tingagutsikana here nemafufu chete, kana Mweya Mutsvene ukazarura kune mumwe munhu manheru ano, "Wapodzwa"? Ungagadzirira here kungotora mafufu chete, kana kuti ungade here kuti Mwari vafambe vachiuya uye vakusimudze uye vakupe imwe mhando yemanzwiro? Kana Vakangoti mumoyo mako, "Chirwere changu chapera. Hauchisina zvachose. Ndinotenda kuti ndiri kuzopodzwa, kubva manheru ano zvichienda mberi," ungatora mafufu acho here? Kana kuti, ungada here kuti munhu wese auye oisa maoko pamusoro pako, odira mafuta, uye wopfuura nemutsika

dzemazuva ese saizvozvo, kana kuti uri kungotarisira mafufu? Mwari vanozviremekedza izvozvo.

165 Munoziva, vazhinji vevadzidzi vakanga vaMuona mushure mekumuka kwaKe. Tomasi akati, "Kwete, huh-uh, handingambozvitenda. Ndi—ndinotofanira kuisa maoko angu mumavanga, ezvipikiri zvaKe mumaoko aKe nepadivi paKe. Zvadaro ndozozvitenda."

166 Akati, "Huya pano, Tomasi." Akati, "Ndibate." Uye akazviita.

Akati, "Ishe wangu, naMwari wangu."

167 Akati, "Tomasi, nokuti waona nokunzwa, nezvose, unotenda."

"Hongu, Ishe."

168 Akati, "Mubairo wavo mukuru zvakadii, avo vasina kumboona asi zvakadaro vachizoMutenda!"

169 Tagadzirira here? Tiri Marudzi semudzimai uya Murudzi here? Aiva muenzaniso here kwatiri tose, "Ingondipai mafufu chete, Ishe"? Ingondiitai kuti ndinzwe mumwe munhu achiti, "Handisati ndamboverenga Shoko, asi ndiudzei kuti Munopodza vanorwara. Fufu iroro richange rakandikwanira. Ndinozvitenda. Regai ndinzwe mumwe munhu achiti, uye ozviverenga kubva muShoko, kuti Mweya Mutsvene . . . "

170 Petro akati, paZuva rePentekosti, "Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso yacho ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, kunyangwe nevose vachazodanwa naIshe Mwari wedu."

171 "Ishe, ndinonzwa kuti ndizvozvo." Ifufu. Huya hako. Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita. Huya.

172 Tagadzirira here kutora mafufu? Tagadzirira here kuzvininipisa? Mudzimai uyu anga akadaro. Anga akagadzirira kuzvininipisa. Kutenda kunogara kuchibvuma kuti Shoko ndere chokwadi. Kutenda kunogara kwakazvininipisa. Kutenda kunozvininipisa. Zvino, aitongotsvaga mafufu chete.

173 Tarisai zvakataurwa naJesu. "Nekuda kwekutaura uku, nekuda kwekutaura uku, 'Ndinoda hangu kutora mafufu, Ishe.' Nekuda kwekutaura uku, mwana wako apodzwa. Wawana chikumbiro chako nekuti wazvitenda."

174 Kutenda kunobvuma kuti Shoko raMwari ndere chokwadi. Kutenda kunobvuma zvinhu zvose izvi.

175 Marita, Maria; zvichidzika nemuBhaibheri tinogona kudaidza vakawanda; mudzimai weShunemi. Zvinhu zvakawanda nenyaya dzatingadana. Hatina nguva yekuzviita. Pane izvi, ndine mapeji angangoita 5 pano, akanyorwa

evanhu, zvino, vakauya vachida mafufu. Asi ngatizvipfuurei kwechinguvana. Ndiri kunzwa Mweya Mutsvene wava pedyo. Handifunge kuti zvine basa.

176 Regai ndingokupai kachiitiko kamwe chete kaduku. VeBusiness Men vakanyora kanhu kadiki kumusoro uko, nyaya diki nguva pfupi yapfuura, mumagazini ravo. Uye rangarira, kana ukanyora nyaya yobva yadhindwa, itosva hako wagona kuitsigira. Tinazvo, gwaro rakanyorwa kubva kuna chiremba. Ndinocherechedza, muchechi manheru ano, vanhu vechiSpanish vakati kuti.

177 Ndakanga ndiri kuMexico City, uye taiva nemusangano wakabwinyiswa. Ndainge ndaveko kwehusiku hungaita 3. Uye paiva nemumwe murume wandinoti Mañana. Aifanira kunditora na 6 o'clock, zvino aizonditora dzotoda kusvika kuma 9. Uye ndaigaroti, nekuti aive nechinono kwazvo, ndaiti anonzi "mangwana." Maona? Uye patakasvika panhandare huru iyi kwandaiparidzira, vakatozoita zvekundikwidza nemanera kumusoro kuno, nekundidzikisa netambo, kuenda pasi papuratifomu.

178 Husiku hwanezuro wacho, pakanga pava nemumwe murume wekuMexico akanga auya kumusangano. Zvino mutana uyu, kuchinaya, sezvakwaiita, uye akauya papuratifomu, ari bofu. Zvino akadzikako. Ndakatarisa. Ndaive ndakapfeka shangu dzakanaka, nesutu yakanaka. Zvino mutana anonzwisa urombo uyu, aive asina shangu, mudhebhe wake waive wakabvaruka. Uye ndinokuudzai kuti muturikiri wangu aiva ani, imi vanhu munovaziva; Hama Espinosa, kumusoro kuno kuSacramento, California, hama yechiPentekosti. Ndivo vaiturikira. Taiva nevanhu vangangoita, muhusiku 2, ndinofunga vakatendeuka kubva muchiKatorike vangangoita zviuru 30 kana 40, kuChikristu neMweya Mutsvene.

179 Zvino mutana uyu bofu akauya papuratifomu. Zvino kana ukasanzwira vanhu vauri kunamatira, hapana chikonzero chekuvanamatira. Unofanira kuzvinzwa iwe pachako uri munzvimbo yavo. Zvino ndakafunga, "Dai baba vangu vakwegura vaive vapenyu, vangadai vava pazera rakada kuita seremutana uyo. Heunoi uyu. Haana kana shangu." Uye akanga asina shati. Jasi rekare, rakabvaruka, rakazara guruva; ngowani yekare muruoko rwake, yakasoneredzwa netambo. Zvichida murume mutana uyu haana kumbobvira akadyawo chikafu chakanaka muhupenyu hwake. Uyezve hupenyu hauna kunge wakamira zvakanaka kwaari, heunoi uyu ari pano achidzadzarika muhupofu. Maziso ake aive machena.

180 Ndakatarisa kumutana uyu, zvino nda—ndakangomumbundira. Zvino Hama Espinosa havaidudzira munamato. Nda—ndakati, "Baba voKudenga, dai ndaigona kumupa shangu dzangu, ndaizodzibvisa kuti pasave

neanodziona, ndomupa jasi rangu, ndomuendesa nenzira. Asi ane mumhu mukuru kwazvo kupfuura ini. Asi, Mwari, munzwireiwo tsitsi. Mudzoserei meso ake."

181 Akadanidzira, "Gloria a Dios." Ndakatarisa-tarisa. Aitoona zvakanaka sezvandaiita.

182 Husiku hwakatevera hwacho paiva nereki, kana kuti butwa, rakakura sechivakwa chino, rakareba zvakada *kudai*, risiri chimwe chinhu kunze kwemashauro ekare nembatya dzekare dzakasakara.

183 Hupfumi hweMexico hauna kunyatsoti twasa. Zvichida Pedro anowana . . . iye ndibhiridha anovaka, anogona kuwana ma peso 16 pazuva. Asi zvinomutorera mazuva 4 ekushanda kuti agone kutenga shangu. Asi anotofanira kuchengetedza yakakwana kubva ipapo kuti abhadhare, mapeso akati wandei, ekenduru yekupisa paartari yegoridhe yemadhora 1 miriyoni kuitira zvivi zvake. Ndizvo zvinondikanganisa izvozvo.

184 Ndichiona vanhu vakakosha ivavo, vaiuyako na 9 o'clock mangwanani. Pasina zvigaro, zvekuti vagare pasi. Vaizemberana, semakwai ari mumafuro. Mvura ichinaya! Madzimai iwayo, akamira, vhudzi ravo rakanaytsoti tsepete richiyerera pasi, rakatota, vomirira zuva rose muzuva rinopisa kana mvura inonaya, kuti vangonzwa Shoko raMwari chete. Oo, vachaitei kana Phoenix yasimuka muZuva reKutongwa pamwe navo, apo, machechi akanaka ari kwese-kwese, uye hautongokwanisi kuvafudziramo?

Hapo mudzimai uyu akamirapo, kana kuti murume amirepo, waro, nemeso ake.

185 Husiku ihwohwo pandakapinda, kwainaya zvakasimba. Hama Jack Moore, vazhinji venyu munovaziva, Hama Espinosa, hama dzakawanda, dzaive papuratifomu. Zvino Billy, mwanakomana wangu, anowanzopa makadhi okunamatirwa. Zvino aisakwanisa kutaura chiSpanish kuvanhu ivavo, saka aitoti Mañana adaro. Asi aitongotenderera kuti aone kuti Mañana haana here kutengesa kadhi rekunamatirwa. Saka ndipo patinofanira kuchenjerera, munoziva, pakutengesa kadhi rekunamatirwa. Saka aingomutarisa, zvino vaifamba vachiuya, uye otarisa uye oona kuti angopa kadhi rekunamatirwa kuna *Nhingi-nhingi*, uye saizvozvo. Saka akati . . .

186 Akauya kwandiri, ndakanga ndotoparidza. Murwi mukuru kwazvo we—wembatya idzodzo uri kumusoro uko. Kuti vaizomboziva sei kuti chipi chaiva chaani, handizive. Saka vakanga vari . . . Ndanga ndichangotanga kuparidza, zvino Billy akandikwenya pabendekete. Akati, "Baba, motoona zvekuita, nekamudzimai ako kunze uko." Akati, "Ndine maasha anosvika 300, uye havasi kutokwanisa kukabata." Kasikana kadiki kechiSpanish, kakareba *kudai*, kanhu kadiki kane runako, aiva nemwana akafa mumaoko ake, ari pasi pegumbeze. Zvino akati,

"Mañana atopa kare kadhi rese rekunamatirwa." Ndokuti, "Haana kadhi rekunamatirwa. Uye hoyo mutsara uyo, vanga vakaamirira, ipapo, kwemaawa 2 apfuura, vakakumirirai, kuti muuye." Ndokuti, "Ari kuda kuunza mwana uyo akafa kumusoro kuno, zvino hatisi kukwanisa kumubata."

187 Oo, zvinoka, aikwira nepamusoro pemaasha chaipo, omhanya nepasi petsoka dzavo chaipo, kana chero chinhu. Aitoshingirira. Aitoda kusvikako. Akanga aona bofu riya richipodzwa, husiku hwapfuura hwacho. Akatoshingirira.

188 Ndakati, "Hama Moore, mudzimai uyu haatozive kuti ndini ani. Haazive kuti ndeupi wacho. Ingoendai zasi ikoko munonamatira mwana wacho. Zvobva zvaringana. Iye . . . "

Vakati, "Zvakanaka, Hama Branham."

189 Saka Billy akavabata neruoko, sekunge ndaive ini, saka vakaenda vachidzika nepapuratifomu. Ndakatendeuka. Ndikati, "Ndinofara zvikuru kuva pano manheru ano." Uye misangano iyi haisi mitsva kwamuri imi vanhu vari muno muPhoenix. Pamberi pangu chaipo ndakaona kamwana kekuMexico, kasina mazino, kachiseka, muchiratidzo kagere kunze kuno. Ndakati, "Mirai zvishoma. Mirai zvishoma, Hama Espinosa. Endai kune . . . "

"Chii—chii chanetsa?"

190 Ndikati, "Enda pamaikirofoni." Ndikati, "Muudzei kuti auye pano."

191 Akati, "Baba," Billy akati, "hamungamuunzeka kumusoro kuno muchichirika makadhi ese ayo ekunamatirwa."

Ndikati, "Muunzei pano. Ndichangobva kuona chiratidzo."

192 Saka, akamudana. Zvino vakadzoka. Heunoi ndokuuya, akabata gumbeze muruoko rwake, s*ezvizvi*. Uye mwana mudiki akarara imomo, aive afa makuseni emangwanani iwayo, akafa nemabayo, kamuchinda kadiki kakareba zvakada *kudai*. Zvino hoyo ndokuuya, misodzi ichiyerera nepamatama ake, maziso ake maduku matema, bvudzi rake rakarembera pasi, mudzimai mudiki anoyevedza kwazvo. Akamhanyira papuratifomu ndokupfugama nemabvi ake, akatanga kuchema kuti, "Padre!"

Ndikati, "Simuka, kwechinguvana."

193 Ndakafunga, "Ishe, ko kana asiri iye? Ko kana zvanga zvisiri izvo? Handizive. Ndichangobva kuona mwana mudiki wechiMexican, mudiki, asina mazino, netumavende twake. Anga achiseka akanditarisa, agere *apo* chaipo."

194 Zvino mudzimai uyu aitochema. Uye ndakaisa ruoko rwangu pagumbeze rakanyorova, zvino kwainaya ipapo. Ndakati, "Baba veKudenga, mudzimai mudiki uyu, pasina kupokana mupfungwa dzangu asi kuti Muri kumupindura." Ndakati, "Ndaona chiratidzo, chaMunoziva kuti ichokwadi, chemwana

mucheche. Ndiri kungozvigamuchira nekutenda kuti ndiye mwana uyu. Handizive mudzimai uyu kana mwana wacho. Asi, chimwe chinhu, iMi munoshanda kumativi ose emutsara." Ndakaisa maoko angu paari. Uye pandakadaro, akakava-kava nekuzhamba nenzwi riri pamusoro nesimba rake rese. Amai vacho vakabvisa gumbeze kubva paari, zvino hoyoka uyo, ari mupenyu, mumaoko avo.

195 Ndakati, "Hama Espinosa, musazvinyora pasi, asi tumirai mumwe munhu akanaka akatendeka." Zvino aizvitaura nemutauro weMexico, kuti chiremba ati mwana wake afa, nemabayo, mangwanani iwayo dzingangoita 8 kana 9 o'clock. Uye hedzinoi nguva dzadarika 10, husiku ihwohwo. Uye ndakati, "'Tumirai monowana gwaro rakanyorwa, rine sitetimendi kubva kuna chiremba, wacho apasisa kuti afa."

196 Zvino chiremba weku Mexico uyu akanyora sitetimendi ndokusaina pairi, "Ndapasisa kuti mwana uyu afa, asingafemi kana chimwe chinhu, muhofisi yangu mangwanani ano nenguva dza 9 o'clock."

197 Zvino hezvoka izvo, dzave 10 o'clock husiku ihwohwo. Zvino mangwanani akatevera acho, mwana akanga ari muhofisi yachiremba kuti aongororwe, "Ari semazuva ese, zvakare." Sei? Nokuti mudzimai muduku uyu akatoshingirira.

198 Kutenda hakuzive chinonzi kukundwa. Kana paine 5,000 vakamirapo panzvimbo, hapana kana chinoitika. Chechi yake yaigona kumudzingira kunze, vavakidzani vake vaigona kuseka. Asi Mwari vakagona kuvhura maziso emunhu asingaone, husiku hwanezuro wacho, vaigonawo kumutsa mwana wake, nokuti ndiVo Mwari vamwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

199 Uye kana boka iri revanhu riri pano manheru ano, vari kutsvaga mafufu, kana muri kudaro; Mwari chaivo vakuunzai pano, vagona kukutungamirai kunzvimbo yakaita seino, Mwari vakakuponesai, Mwari vakagona kukuzadzai neMweya Mutsvene; Mwari vamwe chete ivavo vanogona kupukuta hurwere nekusuwa kwose zvakwo, chingavei hacho, chiri mumwoyo yenyu manheru ano, kana muchizvitenda. Kushingirira, kutsungirira, sveverera ubate kafufu kekutenda ikako zvino, uti, "Ishe, ndinoKutendai nokuda kwako. Hezvo ndouya."

Muvakidzani achati mangwana acho, "Hauna kupodzwa iwe."

200 Unoti, "Oo, asika ndakapodzwa. Ndakapodzwa. Ndakawana kafufu manheru apfuura zasi kuchechi yeFoursquare. Chimwe chinhu chakabatirira mandiri. Hapana chiri kuzondimisa, zvachose. Ndinaro."

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

201 Uri kuda fufu here manheru ano? Unogona kutora fufu woshingirira naro here?

202 Kafufu kekutenda kakauya kumudzimai mu—mudiki, Murudzi wechiGiriki, aive asina kumbobvira aona chishamiso muhupenyu hwake, munamati wezvifananidzo muhedheni, asi akanzwa kuti zvakatoshanda pane mumwe munhu. Akanga asati ambozviona, asi akazvitenda. Uye nekuodzwa moyo kwese kwaakava nako, asi, pahwaro hwechimwe chinhu mumoyo make chaimuudza kuti mwana wake anogona kupodzwa, munoziva, paakasvika kumba akawana mwanasikana wake arere pamubhedha. Tsviyo dzacho dzakanga dzatobva paari. Kwete kwaari iye oga, asiwo nemwanasikana wake uyo akanga asipo.

203 Unoda fufu here manheru ano? Kana uchida, ungangosimudza ruoko rwako here. Uye woti, "Ishe, fufu roga ndiro randiri kukumbira."

204 O Baba Vekudenga, tarisai Marudzi vanotsvaga mafufu. Nguva hadzisati dzashanduka nazvino, Ishe. Vakanzwa. Vakanzwa kuti munopodza vanorwara. Vakanzwa kuti Munozadza neMweya Mutsvene. Munopa zororo kune vakaneta. O Mwari, itaiwo kuti ava vari uko manheru ano vari kuchema semudzimai mudiki uya anokosha wemazuva mazhinji akapfuura, "Ishe, chokwadi hatina kukodzera kugamuchira maropafadzo acho sevanhu veNyu, Israeri, asi tiri kungotsvaga fufu rinodonha kubva patafura yaTenzi."

205 Uye manheru ano taratidza Chikafu chikuru chaMakapa kuChechi yeNyu. Uye manheru ano hatina mafufu chete, asi tinokokwa kutafura. Hatisungirwe chaizvo kutora mafufu, asi tinofara kuawana. Asi tinokokwa kutafura, manheru ano. "Jesu ane tafura yaKe yakagadzirwa kunopihwa vatsvene vose vaMwari zvokudya. Anokoka vanhu vaKe vakasarudzwa kuti vauye kuzodya." Itai, manheru ano, Baba, kuti munhu wese ane chitsvako, chitsvako ichocho chigosanganikwa nacho.

206 Uye takakotamisa misoro yedu, nemoyo yedu mukuzvininipisa pamberi paMwari, handingozivi kuti vanhu vangani vari muchivakwa chino, manheru ano, vasina kuponeswa, vekuti kana Jesu akauya uye nyika yosangana nemagumo ayo manheru ano, uye ungange, uri kuda kutora kafufu kekutenda kaiswa mumoyo mako, uye wouya patafura manheru ano, uchipa kafufu kako kekutenda pamberi paMwari, uye uchida kuita sekudaro, ungangosimukawo here wouya zasi kuno, woita kuti tikunamatire pano paartari?

207 Ungangouyawo here pasina kunonoka? Chingofamba uchidzika. Mwari vakuropafadzei, hama yangu. Pane mumwe munhu angauyawo here? Ishe vave nemi, hanzvadzi yangu. Chingouyai pano. Pangave nemumwezve here munhu pano ari kuda fufu, angangouya patafura yaShe? Woti, "Ishe, handina

kukodzera kuuya. Ndiri—ndiri . . . Ndiri imbwa. Ndiri kungo . . . Handina kukodzera sezvaingova zvakaita mudzimai uya, asi ndiri kungovinga fufu haro." Ungauyawo here, shamwari mutadzi? Huya. Inogona kunge iri nguva yako yekupedzisira.

208 Maona here kuti nyika iri kufamba sei nhasi? Vanhu havachadi kuuya zvachose. Hautongokwanisi kuvanyengetedza. Evhangeri, zvinoita sekuti, iri kuenda kuminda yekuvhangera.

209 Mwari vakuropafadzei, hama yangu yakanaka. Mwari vakuropafadzei. Zvakaisvonaka. Ingomirai ipo pano kwechinguvana.

210 Mumwe munhu tora nzvimbo iri pa—padivi apa, woti, "Ndinomira nemurume uyu." Ishe vakuropafadze, mwanakomana. Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo. Huyai zasi, muti, "Ndiri kuda fufu, Ishe. Fufu roga rakandinakira. Chimwe chinhu chabata moyo wangu. Zvino ndave kudzika zasi." Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Mwari vakuropafadzei, hama yangu. Mirai ipo pano.

211 Mumwe munhu anonzwa kafufu mumoyo mako, kekutenda, kangakukwezva kuti uuye patafura zvino. Ungaburuka zasi here nevarume 4 ava vechidiki vakamira pano, vakamirira? Ndaparidza pamusoro pemudzimai manheru ano, uye varume ndivo vari kuuya. Munoti kudii nazvo, hanzvadzi? Haungauyawo here, zvakare, kuzotora fufu? Une kutenda kushoma here ikoko kunokuudza kuti uri kukanganisa?

Woti, "Zvinoka, handizive kuti fufu chii, Hama Branham."

212 Fufu ndeiro riri mumoyo mako zvino, riri kukuudza kuti uri kukanganisa. Unofanira kutendeuka. Huya, haungadaro here? Simuka uuye mukutapira, nekukurumidza, kuchitubu chizere neRopa. Haungabude here kunze? "Ndiri kukanganisa, hama. Ndinamatireiwo." Buruka uuye. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei.

213 Mumwezve munhu? "Ndiri kungoda fufu chete, Ishe. Kafufu aka kari mumoyo mangu, ndiri kuuya kuzokaratidza." Ungauyawo here?

214 Zvino pane here pano akadzokera shure, akaenda, uye uchida kuuya, ungauyawo here zvino?

215 Vamwe vasina Mweya Mutsvene, hausati wagamuchira Mweya Mutsvene? Oo, shamwari, kana Chiedza ichi chakaitwa chemazvirokwazvo chaizvo kwauri, muzuva rekupedzisira, haungauyawo here ugomira zvakare? Ino inogona kunge iriyo nguva yekuti chishuwo chikuru ichocho chiri mumoyo mako, chimwe chinhu chichikuudza, "Ndinotenda kuti Ishe vari kuzondipa rubhabhatidzo rweMweya manheru ano. Ndinoda kuuya, ndigomira." Huya kuartari. Ungadaro here? Mira nesu mumunamato, iwe uri kunzwa kafufu ikako, kuti, "Ndiri kuda Mweya Mutsvene." Kana munhu achigona kuuya nzira

yose kubva kuOhio, achibhururuka zasi kuno nendege yejeti. Mwari vakuropafadzei, Hama Grant. MuPresbyteriani achigona kubhururuka kubva kuOhio, zasi kuno, nendege yejeti kuti amire paartari, ko vanhu vari muPhoenix?

216 Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi yangu. Mirai henyu pano kwechinguvana. Hamungauyewo here?

Rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,

217 Haungauyawo here kune Tsime rakazaruka manheru ano, rakangozara nezvinhu zvakanaka zvaMwari? Handizive, patiri kungomirira kwechinguvana, zvechokwadi kune vakawanda vanopfuura ivava mukati muno, avo vangada kutora mafufu. Zvirokwazvo vanofanira kunge varipo. Haungauyawo here? Ingoita zvandiri kukukumbira, kamwe chete. Ingozvitora nekuperera mumoyo mako, uti, "Ndiri kudzika zasi. Ino ndiyo nguva yangu yekuuya. Ndiri kuuya, zvakadaro." Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Zvakaisvonaka kwazvo. Takamirira zvino, nemoyo murefu, kuti uuye.

218 Ngatikotamisei misoro yedu zvino patiri kumirira, tichiimba rwiyo urwu rwechechi.

Pane chitubu chizere neRopa,
Rakatorwa kubva mune dzaEmanuere . . .

219 Haungauyawo here zvino? Haungatore fufu rako here ugouya?

. . . pasi pemafashamo iwayo

Kana uchida Mweya Mutsvene, haungauyawo here, ugopinda zvino?

Vanosiya madzvanga avo ose emhosva,
Vanosiya madzvanga avo ose emhosva;
Uye vatadzi vakanyudzwa pasi . . .

Huya, shamwari.

Vanosiya ose . . .
Mbavha yakanga ichifa yakafara kuona (. . . ?. . . pano chaipo paartari. Uye imi . . . ?. . .)

. . . kunyange ndakaipa saiye,
Kugeza zvivi zvavo zvose . . .

Mwari vakuropafadzei, hama yangu. Ndiyo nzira yekuzviita nayo.

220 Handizive kana vashumiri vari pano zvino vangauya kuzomira pamwe nesu pano. Vashumiri vari muchivakwa, huyai mumire pano nesu, kwechinguvana zvino, varairidzi vane—vane hanya nemweya yakarasika.

. . . dai ini, kunyange ndakaipa saiye,
Ndageza chivi changu chose.

221 Handizive kana paine vashumiri vari pano, varairidzi muShoko, vangada kuuya. Rangarirai, magumo eKusingaperi ari kutoitirwa sarudzo iye zvino. Hepano pane vanhu 7 kana 8, 10 vakamira pano. Uye munoziva kuti zvinorevei here izvozvo? Mweya mumwe chete wemunhu unokosha nyika 10,000. Hatifanirwe kuzvitora nyore izvi.

222 Zvino, imi muri kurwara, uye muchida kunamatirwa munamato wekutenda, mungangosimukawo here pamuri ipapo chaipo, vari kurwara nevane zvitsvako. Zvakanaka izvozvo.

223 Zvino, hama dzangu vashumiri, ndizvozvo chaizvo, isai maoko enyu pamusoro pevanhu ava.

224 Zvino, imi vanhu vari kurwara, mirai pedyo napedyo pamwe chete, kuti mugokwanisa kuisa maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe. Zvino, Bhaibheri rakati, kwamuri vari kurwara, "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda." Unofanira kunge uri mutendi, kana kuti hawaizonge wakasimuka. "Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora." Munoziva kuti ndizvozvo. Ndiwo Magwaro asingagoni kukundika.

225 Uye kune ava vari kutendeuka vari kuuya kuartari, hama nehanzvadzi dzangu vanouya kuartari manheru ano, vanhu vanofa vanoziva kuti unofanira kutarisana naMwari imwe nguva. Bhaibheri rakati zvivi zvevamwe vanhu zvinoenda mberi kwavo, vamwe zvinovatevera. Uri kureurura zvako manheru ano, kuti zvivi zvako zviende mberi kwako, uye ugoregererwa kubudikidza neRopa raIshe Jesu.

226 Uye imi muri pano muri kutsvaga rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, Mwari vakaita vimbiso muna Mabasa 10. Tinoverenga, "Petro achiri kutaura mashoko aya, Mweya Mutsvene wakawira pamusoro peavo vakarinzwa." Vaiva nenzara zvikuru! Zvino, une nzara. Wauya nekafufu ikako kumusoro kuno. Zvino ngatitorei chikafu chaicho chizere chemaropafadzo aMwari. Zvese ndezvako.

227 Zvino, imi vanhu vanotenda mumunamato, ngatingokotamisai misoro yedu pamwe chete uye tigonamata zvino uye tigotenda. Zvino, chingokanganwa kuti ndiani ari pedyo newe. Ziva kuti hapana ari pedyo newe kunze kwaJesu Kristu. Uye mumwe nemumwe namata nenzira yaunoita, nenzira yawajaira kunamata nayo. Uye, hama, isai maoko enyu pamusoro pevanhu ava, uye ngatitendei zvino kuti Mweya Mutsvene uri kuzouya wozoita zvinhu izvi zvatiri kukumbira.

228 Baba vedu veKudenga, hatinzwe kuti takamira pano pasina. TinoKutendai nekuda kwemweya iyi. Tinoziva kuti Muri pano zvino kuzovaponesa. Ndinonamata kuti Mugozviita, Ishe. Dai kutenda kwavo kwatarisa seri kwemumvuri. Dai ava vari kutsvaga Mweya Mutsvene, vane maoko evatendi akaturikwa pavari, vanorwara nevanotambudzwa, dai simba raMwari rapinda muchivakwa chino, rokwira nekudzika nenzira

dzepakati pemacheya idzi, uye nemuvanhu ava. Uye rigoponesa mutadzi wese, rigozadza mutendi wese neMweya Mutsvene, uye rigopodza munhu wese anorwara. Tipeiwo zvinhu izvi, Ishe. Ndinotenda kuti Muri pano, uye Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Vimbiso dzenyu hadzigoni kukundika.

229 Tinotenda kuti Makaraira Chechi yeNyu, uye vakaenda kumusoro kuguta reJerusarema. Vakaenda kukamuri yepamusoro, uye vaivako, nguva dzose, vachirumbidza nekuropafadza Mwari. "Zvino kamwe-kamwe kwakauya kubva Kudenga ruzha rweMhepo inovhuvhuta zvine simba, Ikazadza imba yose mavakanga vakaungana." Muri mumwe chete, uye Munokwanisa kuita zvimwe chete. Regai simba, rakaburuka pazuva rePentekosti, ribhabhatidze boka iri revanhu manheru ano, musimba rerumuko rwaJesu Kristu. Munamato uyu ndinoupa muZita raJesu, nekuda kwevanhu ava, kuitira kubwinya kwaMwari.

230 Simudzai maoko enyu zvino. Munamato wekutenda wanamatwa, munamato wekutenda wekuregererwa. Simudzai maoko enyu muti, "Ishe ngavarumbidzwe." Chingotangai kuVarumbidza nekuVaropafadza. Ingoreurura zvivi zvako. Ku-. . . Tenda nemoyo wako wose. Simudza maoko ako kuna Mwari, uti, "NdinoKutendai, Ishe Jesu. Ndinotenda, panguva ino, Mandipa Mweya waShe, Mandibhabhatidza neMweya Mutsvene uye mukandipa maropafadzo."

Horaiti, hanzvadzi, huyai . . . ? . . .

63-0113E Kutsungirira
Foursquare Church
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org